

MIBVUNZO NE M HINDURO



Maita henyu, Hama Neville. Ndichiri ndichatozokwazisa ruoko rwenyu. Ishe Vakuropafadzei, Hama Neville.

Zvino zvakanakisa kudzoka kuno, kunyangwe hako kuri kupisa. Ndinotenda sezvakataurwa nemumwe muTestamende Yekare: “Ndakafara pavakati kwatiri, Handei kuimba yaShe.”

Uye zvino, zvirokwazvo manheru ari kupisa. Uye kwamuri imi vaenzi vanesu, munogona kuona kuti sei Indiana, zvakaoma kugara zasi kuno mune ano aya—aya machakwi. Ndinokuudzai, inongova 34°C pazviri, 34°C. Saka, munoono, paunosvika kuma 49°C, sezvazviri muLouisiana nemuArizona, unogona kuona zvazviri zvino, kuti unopinda sei chaizvo... Dai izvozvo—izvozvo zvanga zviri kuno, taingoparara; ndizvo chete. Asi zvakanaka kuva pano kuisa munguva ino yekunamata.

² Mushure mekunge ndaenda kumba mangwanani ano, ndangonzwa zvakanaka chaizvo, chaizvo nekuda kwe... Ndinotenda kuti vazhinji vapodzwa mangwanani ano vasi—vasiri kuzvicherechedza, zvichida, kusvika panguva ino, asi vachaita zvakanaka; nekuti Shoko raShe ratikoshera mangwanani ano kumwoyo yedu.

³ Ndatonge... Pandatanga kuenda, zvaita sekuti madziro anga otoda kufema naiko—zvaita sekufufumiswa neMweya Mutsvene mukati muno. Uye ndanga ndichifara kwazvo nokuda kwazvo.

⁴ Ndanga ndichinzwa Hama Smith, shamwari yangu, vachinamata nguva shoma yapfuura, mufundisi weChurch of God, Anderson. Uye Hama Smith vane kamwe katirakiti, handifunge kuti takatugovera pano patabhenakeri. Kana paine mumwe wenyu asina katirakiti ikako, kaverengei. Katirakiti kanoshamisa chaizvo; iChokwadi cheMagwaro chaicho. Uye ndakaenda nemazhinji awo kuChicago nenzvimbo dzakasiyana-siyana kunoapa kuvanhu, nekuti iwo matirakiti echokwadi chaizvo, anoshamisa. Uye ndinoziva kuti akanyorwa kubva pamoyo wakavimbika uye unoda Mwari. Hapana chikonzero chehundini pana Hama Smith, vanongova Mukristu muna zvole. Saka tinofara kubatanidzwa manheru ano nevanhu vemhando yakadaro.

⁵ Ndinotenda kuti ndiri kuona shamwari yangu yakanaka, Hama Borders pano vanobva—vanobva kumusoro kuCalifornia. Uye vaive—vakandiitira basa guru nguva shoma yadarika—raShe—kumusoro uko—ikoko—kutanga musangano wekuSan Jose pamwe chete. Ndinovimba kuti muchaita basa rakangonaka pane unotevera uri kuuya Hama Borders. Uye ndinofarira Hama Borders, nokuti ndinoona mavari mweya munyoro,

wakapfava. Uye ndino—ndinofunga kuti iwoyo wakakosha zvikuru. Ndinofunga kuti munhu ane mhando yemweya wakadaro anofanira kufara zvikuru.

⁶ Kune vamwe vakawanda kwazvo muno, vandisingatogone kudoma kuti ndivanaani. Ndiri kuona Hama Collins kumashure uko, hama yedu, uye—zvekare vamwe vashumiri, neshamwari yedu yakanaka Hama Sothmann, mhuri yavo, vanobva kuNorthern Saskatchewan. Uye ndinoziva Hama Evans vari pano; handisati ndavaona nazvino, asi ndaona mhuri yavo, uye—vanobva zasi ku—kuGeorgia. Uye havo Hama Palmer vari apo uye—vanobva zasi kuGeorgia, na—naHama West, ndinotenda, vanobva kuAlabama kana Georgia. Munobva kupi Hama West? Ini... Ndiyo... Oo, Huntsville. Uye zvakare... Oo, tinofara kukuonai mese muri muno.

⁷ Uye zvino, Hama Lyle, kumashure uko, Wood, vanobva ku—kumusoro kumaodzanyemba eIndiana, nevadikanwi vavo. Uye ndinofunga kuti Hama Charlie vari pano, mumwe wangu wekare—mumwe wangu pakuvhima vanobva zasi kuKentucky (nyanzvi yechipiri pakuvhima tsindi muKentucky, nyanzvi yechipiri pakuvhima tsindi. Vachandiita kuti ndizvibhadharire. Zvakanaka!) nemudzimai wavo nemhuri. Uye nekwamuri mose, kwaziso yeChikristu.

⁸ Imwe hama duku pano, handisi kukwanisa kufunga zita ravo—pano, vakasiyana-siyana. Asi mose munoziva zvirokwazvo kuti ndinokuyemurai pakuuya manheru ano kuzonamata nesu patabhenakeri.

⁹ Uye zvino, manheru ano husiku husina kujairika patabhenakeri, nekuti husiku hwemubvunzo nemhinduro. Uye izvozvo zvinowanzoitika kamwe chete pagore rimwe kana 2. Uye chikonzero chandinovuitira, ndechekuziva zviri mupfungwa dzevanhu, kuitira kuti ndizive chaizvo zvingori mibvunzo yavo. Toita kuti munhu wese angounza mubvunzo, uye ndozoupindura ndiri papuratifomu.

¹⁰ Zvino, mune iyi handina kuwana—ndafunga kuti yaizova yakaomarara, asi ndinongova nemibvunzo mishoma chete. Saka hazvizotitorera nguva yakareba kuipindura. Ndanga ndichifunga kuti ndaizowana tireyi yakazara, asi mishoma chaiyo uye haina kuoma. Asi mimwe yacho ine chekuita nedzidziso.

¹¹ Uye mudzidziso iyi ndichatopindura mubvunzo wevanhu ndisingazive kuti ndivanaani (nokuti vazhinji havana kuisa mazita avo pamibvunzo yacho); uye naizvozvo, ndichatopindura maringe nedzidziso yatinomira nayo patabhenakeri. Uye mukuita izvozvo... Zvino kana zvikaita sekupesana zvishoma nedzimwe hama nehanzvadzi dzedu dzatishanyira, hatinazovi naizvozvo zvaitirwa pasina. Hatitende kuti chero ani zvake agokakavara nezvinhu zvinongova zvidiki zveMagwaro.

Tinotenda kuti Kristu akafa kuti agotiponesa tose, uye tose takaponeswa kubudikidza neRopa raKe.

¹² Asi sechechi uye seva—vanhu, ungoro, tinofanira kuva nedzidziso yatinomira nayo kuti tive che—chechi. Uye dzidziso iyi yatinomira nayo, ndiyo yepamusoro-soro pakuziva kweedu Shoko raMwari, Chokwadi chaMwari. Zvino, mune kodzero yakakwana yekuzviona nenzira yakasiyana kana muchida. Uye naizvozvo, kana ini . . .

¹³ Mumwe munhu achibvunza mibvunzo pano . . . Mishoma yayo yakaomarara. Uye ndinongoipindura zvino nepandinozivisisa napo.

¹⁴ Zvino, heino nzira yandinoedza kubata nayo mubvunzo. Mubvunzo . . . Kana—munhu anogona kutora Gwaro rimwe chete uye otoRiita kuti ritaure chimwe chinhu chaunoda kuti Ritaure potse. Asi Gwaro, Gwaro rose iChokwadi. Uye Rakanyatsokwana, kusvikira Mwari vasina magumo Vakataura Gwaro, Rakanyatsokwana zvekuti haRina kana magumo. Saka nokudaro, Rinofamba kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, riri chinhu chimwe chete. Harimbosiyana. Uyezve, kana Bhaibheri riri Shoko raMwari rakafemerwa, haRife rakaZvipesanisa chero papi zvapo. Rinoenda nzira yose nemuMagwaro.

¹⁵ Zvino, nguva zhinji . . . Sezvo ndanga ndakati omarerei zvishoma mangwanani ano mukuparidza Samusoni naDherira nechema iri mune zvenyika, asi handireve kuva ndakaomarara, asi ndinorevera kuva ndakatendeka, kungotendeka sezvandiri—zviri zvandinotenda.

¹⁶ Zvino, muMagwaro, iWo ari Shoko raMwari risingakundiye, ndinotenda kuti pane chinhu chimwe chete chinogona kududzira Gwaro nemazvo, ndiwo, Mweya Mutsvene. Ndinotenda kuti ndiwo . . . Uye Mweya Mutsvene Wakanyora Magwaro, ndokuti haAsi edudziro yepakavanda . . . Naizvozvo, kana zvichizofamba nzira yose nemuMagwaro, Unofanirwa kunge uri Mweya Mutsvene mumwe chetewo zvino, nzira yose, kuRidudzira.

¹⁷ Asi zvino, vanhu vazhinji mumachechi avo nezvitendero zvavo, vane misiyano, kamwe kanhu kavanobatirira pakari kanogona kungoti pesanei zvishoma. Kana varipiro, ingoitai sezvandinoita kana ndichidya cheri pai. Handimbodya mhodzi yacho. Ndikasangana nemhodzi, ndinongokandira mhodzi yacho kunze ndoenderera mberi nekudya pai. Saka ndizvo zvaunoita.

¹⁸ Ndiri kuona Hanzvadzi yedu Wooten vane mwana wavo mudiki vakamira apo. Kana achinzwa kutsva, Hanzvadzi, uye musina chigaro, handizive kana mumwe wehama dzedu asingakwanisi kutora chigaro kubva mukati uye ochiisa apo pedyo nefeni kuitira kuti Hanzvadzi iwane nzvimbo inotonhorera yekugara. Tingafara kuita izvozvo, ndine chokwadi, chero mumwe wehama idzi . . . Feni iri kumashure

uko, Hanzvadzi, ndizvo—iri kufefedza neuku zvino pane chigaro. Kana muchida kuchishandisa, ingoendererai mberi henyu.

¹⁹ Zvino, chero ani wenyu hama anoda kubvisa majasi enyu, chingoendererai mberi, itai kuti munzwe zvakanaka uye muchifara.

²⁰ Zvino, ndichakumbira vatendi vese, kuti dai vakandinamatirawo. Vhiki rino riri kuuya ndinofanirwa kuenda kuCalifornia, nzira yose kuendako, kusevhisi yehusiku humwe. Husiku humwe chete hwekuparidza paChristian Business Men's International Convention. Asi vakazvishambadza, uye tiri kutarisira zviuru zvizhinji zvevanhu kunge zviriko. Uye handingade kuvaodza moyo. Zvino ndakavaudza kuti ndaizouya kana ndikasava muAustralia panguva ino, kwandanga ndakarongerwa kuveko. Saka tinamatireiwo.

²¹ Uye chero ani wenyu imi vafambi vanodikanwa vepanyika ino muri pazororo renyu kubva kubasa renyu rezuva nezuva uye muchida kuva mune mumwe wemisangano yacho, pachava neshumiro yemazuva 3 kuCleveland, Tennessee, Church of God. Ndinofunga kuti ndiyo Pentecostal Church of God, Tomlinson move. Hama Littlefield, David Littlefield, ndivo mufundisi wacho, murume Mukristu akanaka kwazvo. Ivo muYankee anobva kuMaodzanyemba, anobva kuBangor, Maine, asi Mukristu wechokwadi, hama yakanaka.

²² Uye saka, kana uri murwendo rwako uye uchida kuuyako, zvichida Muvhuro manheru pachava nekukumikidzwa kwetabhenakeri huru, kwazvo yavakavaka. Uyezve, Chipiri neChitatu manheru esvondo inotevera, Ishe vachitendera—kwete vhiki rino riri kuuya, vhiki rinozotevera racho—pachava nemisangano yekunamatira vanorwara, uyo uchava musu wa 6, 7, na 8.

Zvino, tisati tavhura Shoko, ndingada kuti tikotamise misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate.

²³ Ishe Mwari, Baba vedu tose vanokosha, Vakamutsa zvakare Ishe Jesu kubva kuvakafa uye vakaMuunza kwatiri muchimiro cheMweya Mutsvene. Mushure mekurovererwa, kufa, kuvigwa, kumuka nezuva retatu, ndokukwira mukubwinya, kwaagere zvino kuruoko rwerudyi rweHumambo kumusoro, achirama nekusingaperi kuti areverere, Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu uye achiziva kunyange kadhimba kadikisa kangawira mumugwagwa, Angagopfuura chirudzii kuvimbika kwevana vaKe vagere muchivakwa chino chiri kupisa kuti vangonzwa Shoko. Ndine chokwadi, Ishe Mwari, kunyangwe dai tanga tisina kukumbira, kuti Maitongodurura maropafadzo eNyū pamusoro pavo nokuda kwehumhare hwavo hwekumira panzvimbo yavo yebasa manheru ano.

²⁴ Pane vaenzi pano, Ishe; tinovanamatira nemachechi avo. Pane vashumiri vakagadzwa veEvhangeri—vakagadzwa naMwari—vagere pano, vanokwanisa zvakapfuurira kupindura mibvunzo iyi kudarika ini. Uye ndinonamata, Ishe Mwari, kuti Mugorega Mweya Mutsvene uuye kwatiri manheru ano utipe zvinhu zvakana zvekutaura, zvinozounza mufaro usingataurike uye uzere nekubwinya kumwoyo yedu tigere hedu pamwe chete munzvimbo dzekumatenga muna Kristu Jesu, tichinzvera Magwaro pasina imwe pfungwa iripo, pasina kana manzwiwo akashata, asi kungoziva kuti Chokwadi chii nekunamata paChokwadi. Zviiteiwo, Ishe.

²⁵ Tinokumbira kuti muropafadze Mufudzi wedu anodikanwa, Hama Neville, vakamira vakashinga pamungava webasa gore negore nemukupisa nekutonhora kufudza nekupa zvekudya makwai emuboka rinoungana pano. Ndinonamata kuti Mweya wenyu uve pavari, muvabatsire. Uye ropafadzai vose vanobatanidzwa netabhenakeri. Uye nenguva isipi, Ishe, kana kuri kuda kweNyu, tinotarisa tabhenakeri yakanaka, huru imire pakona pano yatinogona kuva nechikoro, patinogona kudzidzisa vashumiri vechidiki uye tovatumira kumativi 4 enyika kuti vagorwira kwazvo kutenda kwakambopihwa kuvatsvene.

²⁶ Ishe, tave kukwegura, ini pachangu, uye nenguva isipi ndinofanirwa kudzorera Bhaibheri mumaoko emumwewo munhu. Tibatsireiwo, Ishe, mukushingaira uku. Pinduraiwo mibvunzo yedu manheru ano neMweya Mutsvene, tichivimba naYe, nokuti tinozvikumbira muZita raJesu Mwanakomana weNyu. Ameni.

²⁷ Zvino, ndinoziva kuti kuri kupisa zvikuru, asi handimbofarira kupindura mubvunzo kusvika ndafunga kuti ndanyatsoita nemazvo pamberi paMwari pakuupindura. Zvino, hatina yakanyanya kuwanda; handina kumboiverenga, ingori mishoma kwa—kwazvo. Asi zvinogona kuitika kuti tingasavika kwairi yese, asi tinoda kudaro kana zvichigoneka. Ndichakumbira kasikana aka kakapfeka zvepingi kagere pano...Huya pano, Mudikani. Ndinotenda kuti kasikana kaHama Beeler. Ndinoda kuti uende nemibvunzo iyi zasi uko wongonoivhenganisa, unoziva zvandiri kureva, kungopesanisa mumwe pamusoro pemumwe, sezvizvi, unoziva, zvino—zvadaro woidzosa kwandiri. Waona? Kuitira kuti ndisasanganise mibvunzo yemumwe munhu, munoziva, ndichifunga kuti ndangopindura mumwe, uye ndisina kusvika kune mumwe wacho; handingade izvozvo. Regai tingoti kasikana aka kangoivhenganisa, tobva tangatora yacho iri pamusoro chaipo toipindura tichifamba.

²⁸ Zvino, kana pakava (waita hako, Mudikani)—kana zvikaitika kuti pane mubvunzo mupfungwa dzemumwe munhu, ndinoda kutaura kuti, ndingafara kana mushure mekunge

ndapindura mubvunzo wako uye zvichiita sezvisingagutse, ibva wangosimudza maoko ako mukupindura. Nokuti ndinewo zvakare pano chiGiriki, chiHebheru—zvose chiGiriki nechHebheru chiri muduramazwi repakutanga, kuti tiwane zvatingada pamusoro pemashoko acho (maona?), nokuti vamwe vavo vari kubvunza mashoko—chiHebheru nechGirikiwo zvakare.

²⁹ Uye zvino, Ishe vatibatsire patiri kupindura. Uye regai ndizvijekese pachena... (Muri kundinzwa zvakana here kumashure, simudzai maoko enyu kana muchikwanisa. Zvakana.) Regai nditaure zvakajeka zvino, kuti mukupindura mibvunzo iyi, hapana imwe pfungwa pazviri, asi munhu wese anorangarira kuti mutabhenakeri kana zvikasvika kudzidziso, tinotozvipindura maringe nezvatinotenda pano, kwete kuti typesane nepfungwa dzenyu, asi kuti—kuti tiburitse pachena zvatinotenda. Uye dzimwe nguva tinonyatsozvirovedzera zvakasimba. Saka rangarirai, kungozviita kuti zvive mazvirokwazvo kuvanamati.

75. Zvino, wekutanga uri pamusoro. Oo, hongu, uyu mubvunzo mudiki. Hausi mubvunzo, ndewe... Zvakana, mubvunzo. **Ndemumwe munhu angada hurukuro yepakavanda neni pakutanga kwevhiki.**

³⁰ Zvino, hurukuro iyoyo, ndichakuudzai kuti tinozviita sei. Zvaimboitika kuti taingotora zvisina kurongeka *watagona kubata, chero atanga, uyu, uyo*, asi tine hurongwa hwatinahwo kwazviri. Zvino naizvozvo, kune vanhu vazhinji vanouya mumitsara yekunamatirwa, pamwe vanopfuura nemumutsara wechimbi-chimbi, kana kuti vane chikumbiro chavasizingazive zvekuita nezvacho, uye ipapo, vanoda kunzwa kubva kunaShe. Zvino, vane kodzero yakakwana kwazviri; ndicho chikonzero chipo chechiporofita ichi chakapihwa, kuitira izvozvo, chinangwa ichocho choga.

³¹ MuBhaibheri pavainge vachida kuziva chimwe chinhu, vaidzika kuvaporofita, uye vainamata nekuimba nziyo kusvikira Mwari vapindura. Handiti, haVasi Mwari vangapa rimwe boka zvokudya uye vouraya rimwe boka nenzara. Ndivo mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye nokudaro, ndiro basa razvo.

³² Pahurukuro dzepakavanda idzi, kana tichinge tatora nyaya, handimboisiya kusvikira ndanzwa kubva kuna Mwari neimwe nzira kana imwewo. Dzinouya zvishoma nezvishoma. Kana zvichitora mwedzi 6 kana gore, tinongogara pairo kusvikira tava neZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Uye naizvozvo, dzinouya zvishoma nezvishoma, uye kuine zviuru zvichifona. Asi isu... .

³³ Rimwe zuva ndaiva nemumwe murume imomo we—ndinotenda kuti yakanga yava mwedzi nemwedzi murume uyu akanga atsvaga rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, muBaptisti. Asi hatina kumusiya akadaro, takangomurega

achiuya, zvino pakupedzisira nyenasha dzaMwari pahurukuro yepakavanda... Akangofamba achipinda— aigara achida kuona chiratidzo kuti dambudziko raiva rei—zvino chiratidzo chakavapo, uye akagamuchira Mweya Mutsvene akagara chaipo pachigaro chake.

³⁴ Zvino mumwe—mumwe muKatorike, akatendeuka nguva shoma yapfuura, akauya achibva kuChicago rimwe zuva akanga ari pahurukuro dzepakavanda—achiedza kupinda—tingati makore 2; asi pahurukuro yake yekutanga, maminiti 15 mukamuri, Ishe vakaratidza chiratidzo, chikonzero nezvose, ndokuzarura nyaya yacho yose, zvaafanira kuita asati agamuchira Mweya Mutsvene. Munoono, ndiro basa racho.

³⁵ Zvino, kana chero ani zvake panguva ipi zvayo... Kana foni dzikapinda uye vachida kuona kana kuva nehurukuro idzodzo, kana vakafona, BUtler 2-1519, hofisi inogona kukupai pachu chaipo panozogona kuva nehurukuro yacho. [Nhamba yefoni yakashandurwa—Mupepeti] Uyezve, wobva wataura kuti hurukuro yako ndeyei, kuitira kuti vazive kuti vanoipa nguva yakadii. Zvino izvozvo zvinoita kuti zvingoringana, uye munhu wese... Zvino kana nguva iyoyo isingakwani, zvino tinodzokerazve panyaya iyoyo zvakare. Zvinonyorwa pasi, uye tinozvichengeta kusvika tanzwa kubva kuna Mwari kubudikidza nechiratidzo kana imwe nzira iyo Mwari vanotaura nayo. Saka ndiwo machengeterwo anoitwa hurukuro dzedu.

³⁶ Naizvozvo, munoono, kana ndiri kunze, vanhu vanofunga dzimwe nguva, “Hama Branham, hamuone vanhu zvakakwana.” Haugone kuona vanhu uye wova naMwari panguva imwe chete. Maona? Ndine mumwe munhu ari kuonekwa, uye ndiri—ndiri mubako kana kumwewo ndichinamata, uye—uye... .

³⁷ Ndiri kuda kuona kuti uyu unoti kudii. “Mumazuva mashoma... ndakanga ndiri kunze... ivo...” Mati kudii? [Imwe hama inotaura naHama Branham—Mupepeti] Oo, hongu. Oo, hongu, hongu uyu anga ari murume (Gene angouisa kumusoro kuno) uyo... Mumwe murume akauya achibva kuChicago rimwe zuva, uyo chiremba aida kucheka kuti azarure moyo wake, ocheka achivhura kuti aone kuti chii chakakanganisika mukati mawo. Zvino Mweya Mutsvene ukabva wazarura chaizvo zvazvaiva, zvino aisatoda kuti achekwe achivhurwa; akapodzwa. Saka munoono, zvinoreva zvakanwanda. Uye kukuratidzai kuti zvinononoka sei, ndakamirira ini pachangu mhinduro inobva kuna Mwari, kumirira chiratidzo, kwemakore 15. Mwari... Uyewo mumwe anouya haatombomiriri kana maminiti 3. Maona? Zvinongo... Mwari vanopindura munguva yavo iVo. HatiUtungamire, ndiWo unotitungamira.

76. Zvino, mubvunzo wechipiri uri pamusoro ndewekuti...
Hama Bill, ko Ishe vanogona here kuita basa

**rinonyatsobudirira kuburikidza neni mune imwe ungoro
umo mavasingatendi muzvipo zvemweya?**

38 Hapana zita pauri, asi munhu uyu anoda kuziva kana Ishe vachigona kushanda navo sezvo vachishumira muungano isingatendi muzvipo zvemweya. Handifunge kudaro zvachose.

39 Handifunge kudaro zvachose, shamwari inodikanwa, kuti Ishe vangashanda nemazvo kubudikidza nemaauri, nokuti wakabatanidzwa pakati pevasingatendi, uye Bhaibheri rakati, “Usazvibanidze nevasingatendi, asi budai kubva pakati pavo, muve makapatsanurwa, ndizvo zvinotaura Jehovha, zvino Ndichakugamuchirai.” Ndinotenda kuti kana uchigara muguta, kune imwe chechi inotenda muzviratidzo nezvipo zvemweya, uye une zvinhu izvozo zvichishanda pauri, ndaizoenda kucheche iyoyo inozvitenda.

40 Uye ipapo ndinogona kutaurawo chimwe chinhu, sezvandaka—zvandinowanazopa—kuda kupa Rugwaro. Iwe zvichida, shamwari inodikanwa, wakaedza nokukwanisa kwako kwese kuedza kuita kuti vanhu ava vatende, wakaedza kuvaita kuti vatende, uye havatongodaro havo, zvichida. Zvino regai ndikupei Gwaro randinotenda kuti Ishe Jesu vanofadzwa nesu pakuripa.

41 Kana makaedza, kana makataura nemufundisi wacho, kana makataura nevakasiyana-siyana zvino ivo vozvifuratira zvachose uye vasingazvitende, hezvinoi zvakataurwa naJesu muna Mateo 7:6 pamusoro pezvakaaro.

*Musapa imbwa zvinhu zvitsvene, uye musakanda . . .
maparera enyu pamberi penguruve, pada dzinoatsika
netsoka dzadzo, dzikatendeuka . . . dzigokubvamburari.*

42 Saka handifunge kuti ndaizobatanidzwa neungano isingatende muEvhangeri izere yaIshe Jesu Kristu, kutenda kuti Akanga ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ini ndichigara muungano ndichiMuona achishanda nekuita chaizvo sezvaAkataura kuti Aizoita, ndinotenda kuti ndaizonzwa chaizvo—kuva nechikonzero chakanaka chekuudza vanhu kuti vabude kubva pakati pevakaaro uye wozviwanira chechi ya—yakanaka inoparidza Magwaro ose nokuAtenda.

77. Zvino, mubvunzo unotevera ndewekuti: Ichokwadi here kuti hauna kuponeswa kunze kwekunge wagamuchira Mweya Mutsvene?

43 Apa panotogona kuita hurukuro yakanaka yemaawa 5 pane uyu. Kana wagamuchira Kristu seMuponesi wako uyezve wagadzirira kubhabhatidzwa mumvura, hausati watendeuka; uri kungotenda cheche *kusvika* pekuti uchizotendeuka. *Kutendeuka* zvinoreva “kushandurwa.”

44 Zvino, kuita kuti izvi zvishande, Jesu akati kuna Petro uyo akanga aMutevera kwemakore 3 nehafu . . . Uye muBhuku

raMateo chitsauko 10 Jesu akapa Petro simba pamusoro pemweya yetsvina, kuti aende kunoidzinga, kupodza vanorwara, nekuparidza Evhangeri. Aiva nesimba rekuita izvi. Uye muna Johane 17:17 Jesu akachenesa Petro kubudikidza neChokwadi, akati Shoko rakanga riri Chokwadi, uye ndiYe aiva Shoko racho. Uye zvakare apo, Pentekosti isati yasvika Akati, “Kana uchinge wazotendeuka, ipapo simbisa hama dzako.” Uri kungatora matanho ekutendeuka uchitenda hako nekuita mabasa.

⁴⁵ Zvino, ndinoziva kuti vazhinji venyu, imi shamwari dzangu dzeBaptisti nePresbyteriani, hamubvumirani nazvo, nekuti munodzokera kuGwaro iri... Zvino, hepano pandinoti ndinofanira kunyatsozvirovedzera. Maona? Mukadzokera kuGwaro: Abrahamu (VaRoma 4) *akatenda* Mwari, uye *zvikanzi* kwaari kana kuti *zvakaipihwa* kwaari sekururama. Abrahamu *akatenda* Mwari, uye Mwari vakazvipa kwaari sekururama pahwaro hwekutenda kwake kuti atende. Asi kuratidza kuna Abrahamu, Vakamupa (kupihwa kwacho, kwekuti akapihwa kuti abve muzvivi zvake, zvino Vakanga—vamupa kuti abve kuzvivi zvake), nokuti akanga atenda, Vakamupa chiratidzo. Uye ipapo ndipo imi, shamwari dzangu dzinodikanwa dzePresbyteriani neBaptisti, munotadza kuzviona. Maona? Vakamupa chisimbiso chekudzingswa sechapupu, sehumbowo, hwekuti Vakanga vagamuchira kutenda kwake maVari. Uye ndicho chikonzero Pauro muna Mabasa 19 akati kuhama idzodzo dzeBaptisti, dzakanga dziina Aporo semufudzi wavo, vachitenda Evhangeri sekuparidzwa kwaYakaitwa naJohane, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvakamatenda?” Munoono, vakanga vatenda asi vakanga vasati vatendeuka.

⁴⁶ Zvino, tinotora zvisiri izvo—mushoko rekuti *kutendeuka* nhasi. Tinoti munhu akatendeuka munhu akarega kunwa doro nezvimwe zvese oenda kuchechi, kana kuti ojoinha chechi. Anogona kujoinha chechi, asi ichocho hachisi chiratidzo chekuti akatendeuka. Haasati atendeuka kusvikira hupenyu hwake hwekare hwafa, uye avigwa muna Kristu, uye akamuka pamwe chete naYe murumuko rwehupenyu hutsva, kana Mweya Mutsvene wasika maari tariro mhenyu yeHupenyu Husingaperi hunongouya bedzi neMweya Mutsvene. Maona?

⁴⁷ Zvino, zvino, ndaiziva Gwaro guru iroro, ndinoRishandisa ini pachangu—ndinaRo rakanyorwa pano—Mutsvene Johane chitsauko 5, vhesi 24. IGwaro randinofarira. Nokuti Jesu akataura izvi: “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, ‘Uyo anotenda maNdiri ane Hupenyu Husingaperi.’” Regai ndiriverenge, kuitira kuti ndinyatsoRibata zvakakanaka chaizvo. Mutsvene Johane 5, uye ndinoda kuti munyatsoteerera zvino patiri kupinda muGwaro iri, 5 uye vhesi 24.

*Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
Uyo anonzwa mashoko angu, nokutenda kuna iye*

wakandituma, ane hupenyu husingaperi, uye haangaui mukutongwa; asi abva murufu achienda muhupenyu.

48 “Uyo anotenda maNdiri.” Zvino, Gwaro rinotaura kuti hapana munhu anogona kuti Jesu ndiye Kristu asi kubudikidza bedzi neMweya Mutsvene. Saka haugone kutenda kuti Jesu ndiye Kristu kusvikira wagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Uri kungopupura kana kungotaura zvinotaurwa neMagwaro, kutaura zvinotaurwa namufundisi, kutaura zvinotaurwa naamai, kana mumwewo muparidzi akanaka. Asi hauzvize pachako kusvikira Iye apupurira rumuko rwaKe kwauri. Hapana munhu anogona kudaidza Jesu kuti Kristu kusvikira kubudikidza neMweya Mutsvene.

49 Naizvozvo, mubvunzo ndewekuti, izvo munhu akaponeswa, ndinotenda, kana akatarisa kuKarivhari, uye ofa ari muchinhano ichocho. Zvirokwazvo, ndinotenda kuti anozoponeswa; ndinotenda kuti anozonopinda kana asina kumbova nemukana wacho kumashure. Asi zvinoenderana nokuti... Ukadzokera kumbavha yaifa pamuchinjikwa. Asi rangarira, ndiwo wakava mukana wake wekutanga newekupedzisira. Unawo mumwe manheru ano. Usamirira kusvika panguva iyoyo, nekuti zvinogona kusava saizvozvo kwauri. Unogona kusazova kureurura panhovo yerufu. Ndinokuudzai, kwakanaka, asi mukana wakanyanyisa kuva nenjodzi wekuti ungatamba nawo. Usamirire nhowo yerufu; rega ino ive nhowo yako yerufu iko zvino, yekuti unofa zvino uye woberekwa patsva neMweya Mutsvene.

Zvino, pamubvunzo uyu unotevera... Zvino, kana paine mubvunzo pamusoro pazvo ingosimudza ruoko rwako. Ndingafara kuita nepandinogonesesa napo.

78. Mungawana here chero papi zvapo vaapostora pavakatora Chirairo mushure mePentekosti? Ko Pauro aireva here kuti vanhu havanzvere Shoko? Mweya Mutsvene ndiwo waiva here nzira bedzi yokunamata Mwari? Kana ukatora waini netubhisikiti, hurwere nerufu zvinokuwira here?

50 Zvino, heino zvichida nzvimbo yandinotenda kuti munhu anodikanwa uyu abvunza izvi pasina kupokana kuti akaperera zvakadzama mazviri, zvavari kubvunza, kana kuti havaimbozvibvunza. Uye ini—Hama yangu kana Hanzvadzi yangu, chero waangave ari, ndinoupindura nehudzamu uye nekuperera sekupindura kwamauita—kana kuti kuubvunza.

51 Ndinoda zvino kuti muvhure neni kuBhuku raMabasa chitsauko 2, uye ne—totanga nevhesi 42. Chitsauko 2 chaMabasa, uye tichatanga, sezvandataura, nevhesi 42.

52 Zvino rangarirai, handitende kuti ndingataura chaizvo panotaurwa neMagwaro kuti Pauro akatora Chirairo, uye Petro akabva atambanudza ruoko ndokuchitora; asi kana vachitaura nezveungano, iyo yaitove yese zvayo, munhu wese.

Uye handitendi kuti Pauro aizoparidza chimwe chinhu uye oudza vamwe kuti vaite, chaaisazoita iye. Saka muna Mabasa tinoona izvi:

Uye vakapfuurira mberi vakasimba *pakudzidzisa kwavaapostora...kuyanana...*(Tarisai! Vakapfuurira mberi, chechi yose, mutumbi)...kupfuurira mberi vakasimba *pakudzidzisa kwavaapostora nemukuyanana...*(ne, chibatanidzo ipapo. Maona?)...*nemukumedura chingwa...*(Ndicho Chirairo)...*nepaminyengetero.*

⁵³ Vaapostora, avo vaiva vaparidzi vacho...Vakapfuurira mberi vakasimba padzidziso yavo, yekumedurwa kwechingwa (Chirairo), nemukuyanana, nemuminyengetero. Zvino, kana izvozvo zvichibvisa Chirairo pavaapostora, zvinobvisawo minyengetero pavaapostora. Maona? Zvino, ngatipfuirirei mberi nekuverenga. Maona?

Zvino vanhu vose vakabatwa nekutya: uye zvishamiso zvizhinji nezviratidzo zvakaitwa navaapostora.

Navatendi vose vaiva pamwe chete, vaiva nezvinhu zvose muhumwe;

Zvino ivo vakatengesa pfuma yavo nezvinhu, ndokuzvigovanisa kumunhu wese, mumwe nomumwe paaishayiwa napo.

Uye ivo, zuva rimwe nerimwe vaipfuurira mberi *mutemberi...*(Ndivo vaapostora navose)...*vachimedura chingwa...*(Chirairo nguva dzose pavaisangana)...

⁵⁴ Ndiyo yaive dzidziso yevaapostora nechechi yepakutanga, kuti nguva dzose pavaiuya pamwe chete vaitora Chirairo. Nguva dzose! Zvino, ndinoziva imi vanhu Makristu vanoenda kuChechi yeChikristu (Campbellite chechi, sekuziva kwatinoita, se... Nekuti pane 2 dziripo, imwe iChurch of Christ, neimwe yacho iCampbellite Church.), unoti, “Tinochitora Svondo yega-yega mangwanani. Tine Magwaro pazviri.” Mune Gwaro riri nani pazviri kupfuura zvinoita Branham Tabhenakeri. Branham Tabhenakeri inochitora kamwe chete pamwedzi. Asi Gwaro nderekuti, pese pamunoungana. Ndizvozvo. Ndiko kuti nguva dzose.

Zvino ivo, vakapfuurira mberi zuva rimwe nerimwe muhumwe mutemberi...vachimedura chingwa paimba neimba, vakadya zvokudya zvavo nomufaro nomwoyo mumwe,

⁵⁵ Onai, nguva imwe neimwe vaapostora, vaine mapoka eminamato aya, misangano mutemberi, imba nekuimba; pese pavaisangana, vaimedura chingwa, vachitora Chirairo.

⁵⁶ Zvino, Pauro, muna VaKorinde Vekutanga ticha—taigonawo zvakare kuverenga chitsauko 11, chatinoshandisa pano paChirairo... Ndingangochiverenga kuitira kuti zvigone kukubatsirai, VaKorinde Vokutanga chitsauko 11. Teerera Pauro achitaura zvino, vhesi 23.

Nokuti ini ndakagamuchira kubva kuna Ishe icho chandakakupaiwo, Kuti Ishe Jesu nousiku humwe... hwaakapandukirwa akatora chingwa:

Zvino akati avonga, akachimedura, akati, Torai, mudy: uyu ndiwo muviri wangu, unomedurirwa imi: itai izvi muchindirangarira.

Saizvozvowo zvakare akatora mukombe, zvino akati apedza kuraira, achiti,... (mukombe wacho zvino)... Uyu ndiwo mukombe wesungano itsva muropa rangu: itai izvi..., nguwa dzose kana muchiunwa, muchindirangarira.

Nokuti nguwa dzose kana muchidya chingwa ichi, nekunwa mukombe uyu, munoratidza rufu rwaShe kusvikira achiuya.

⁵⁷ Maona? Ichi Chirairo. Ndinocherechedza uye ndinobvumirana nazvo kuti mu—mutumbi waShe, Shoko benyu, ndiKristu pachaKe. Asi izvi zviratidzo zvakangofanana neRubhabhatidzo, neKushambidzana tsoka, nezvimwe zvitevedzwa zveChechi. Asi Chirairo zvirokwazvo chakakoshera pachingwa, zvino, chingwa newaini.

Naizvozvo mumwe nomumwe anodya chingwa ichi, nekunwa mukombe uyu waShe, asina kufanira,...

⁵⁸ Zvino, mubvunzo wabvunzwa pano: “Imi pakutora—imi pakutora waini netubhisikiti, hurwere nerufu pamuri.” Munoono, kuti... ndinotenda kuti mubvunzo wacho ndewekuti, kunamata kwegwa kuripo, kuri muMweya Mutsvene, kunamata muMweya Mutsvene. Ndicho Chokwadi chaicho. Unofanirwa kunamata... Kunamata kwese kuri muMweya Mutsvene, uye Pauro ari kuedza kutaura pano, kuti unofanira kunge uri muMweya Mutsvene usati waita izvi kana kuti unozvidyira nokuzvinwira kutongwa pachako iwe (maona?)—usati waita izvi, hurongwa husati hwaitwa.

⁵⁹ Zvino, kuzvitsigira izvozvo, ndine chinyorwa pano chaJosephus, paakataura kuti Makristu epakutanga mushure mekufa kwa—kwaJesu, kuti vaionekwa sevanamudyavanhu, nekuti vakatora mutumbi waShe ndokuyidya. Uye vakafunga kuti vakanga vaufukunura, vakauburitsa, uye vaiucheka kuita zvimedu, vachiudya. Pachopavaitora Chirairo. Maona?

Zvino, tarisai, kuti sei Gwaro iri—kuti Pauro anoti kudii pano.

Asi *munhu* ngaazviongorore, zvino *kuti adye chingwa ichi*, . . .

⁶⁰ Idyai chingwa. Zvino, ndinoziva kuti Jesu ndiye Chingwa cheHupenyu; ichokwadi. Asi uyu mufananidzo wakafanana nerubhabhatidzo. Rubhabhatidzo harwukuponese; rubhabhatidzo rwunongova chiratidzo chekuti uri kupupura kuungano kuti unotenda murufu, kuvigwa, nekumuka kwaJesu Kristu. Harwukuponese. Mvura haikuponese. Kutenda kwako ndiko kunokuponesa. Asi rubhabhatidzo murairo, uye rwunofanirwa kuitwa, nekuti Mwari havagoni kuti ubhabhatidzwe, zvino vobva vashandurazve voti hazvisungirwe kuitwa. Havagoni kupa rairo yekutora Chirairo, votendeuka, voti hapana chikonzero chekuchitora. Unofanira kuzviita. Inotova rairo nekusingaperi naMwari.

Nokuti anodya nokunwa asina kufanira, anozvidyira nokuzvinwira kutongwa pachake, asinganzveri muviri waShe.

⁶¹ Zvino, munoona ipapo? Zvinodzoka kuMukristu chaiko ari kuedza kutora Chirairo, asiri muna Kristu, asiri kuyanana muMweya; haana kukodzera kuchitora. Uye paanotora Chirairo ichi, ari kudya nokuzvinwira kutongwa kwaari iye, kana achibuda achinoputa, kunyepa, kuba, kuita hupombwe, kana chimwe chinhu chakadaro, kana kusararama hupenyu hweChikristu. Uye vanhu voona mhando yehupenyu hwaari kurarama, uyezve achiuya, achitora rairo iyi yerufu ne—nemutumbi waKristu, achitora maari iye chiratidzo chekuti—chekuti akagamuchira Kristu Shoko mumoyo make, uye achitora chiratidzo ichi imomo shure kwacho, Akati anodya nokuzvinwira kutongwa pachake iye, asinganzveri mutumbi waShe.

⁶² Zvino, mumaminiti mashoma ndichasvika pamubvunzo mumwe chete iwoyo, kana tikasvika kwauri, nekuti hurongwa humwe chete hwekumhura Mweya Mutsvene. Maona? Nokuti uri kutaura chimwe chinhu, uye uchitamba chikamu chemunyengeri nazvo, apo usingafanirwe kunge uchizviita. Horaiti! Regai ndipedze izvi zvino, munoona, uye tobva tamira.

Nemhaka iyi vazhinji vanorwara uye havana simba pakati penyu, vazhinji vavete.

Nokuti dai taizvitonga isu timene, hataizotongwa.

Zvino kana tichitongwa, tinorangwa naShe, kuti tirege kutongwa pamwe chete nenyika.

Naizvozvo, hama dzangu, kana muchiungana pakudya, miriranai mumwe nemumwe. (Zvino, tarisai.)

Zvino kana chero munhu akadya . . . chero munhu akava nenzara, . . .

⁶³ Usapinda mukati...nekuti mune rimwe Rugwaro pano, vaiuya nenyama, nezvinwiwa zvakawanda, nezvinhu zvakadaro, kusvikira vaiita imba yaShe kungova nzvi—nzvimbo ye—yemabiko, uye nekudhakwa patafura yaShe. Munozvirangarira izvozvo muBhuku raVaKorinde pano. Vaidhakwa patafura yaShe. Asi Pauro akati pano:

...kana munhu upi zvake akava nenzara, ngaadye kumba; kuti imi murege kuunganira kutongwa. Zvino zvimwe zvose ndichazviisa muhurongwa kana ndauya. (Maona?)

⁶⁴ Zvino naizvozvo, ndinotenda kuti kudya kabhisikiti... Zvino, handitendi kuti chingwa chekosha chinofanira kutsivaniswa nekabhisikiti. Ndinotenda kuti chinofanira kuva chingwa chitsvene chisina mbiriso, mhando yechingwa chisina mbiriso chakagadzirwa muEgipita. Uye ndinotenda kuti Ropa harifanirwe kuva muto wemazambiringa, asi inofanira kuva waini. Muto wemazambiringa unovava, uye unoora paunogara. Asi waini inowedzera kuva nani nekusimba painowedzera mazuva; haimborasikirwa nesimba rayo. Uye Ropa raKristu harishati kana kuora; parinokura, rinowedzera kusimba nekuva nani apo mazuva ofamba kumutendi. Uye iwaini chaiyo nechingwa. Chingwa chechirairo chinofanira kugadzirwa nevanhu vakazvikumikidza uye vakazvitsaurira kuna Mwari.

⁶⁵ Ndakamboenda kune imwe chechi kwavaitora rofu rekare iri rechingwa, kwaiva nevatadzi vaituka vachingoita zvekufarisa, netsvina, ndokucheka chingwa chekare ichocho vakachiisa kunze uko neimwe mhando yechinwiwa kuti vanwe. Kwandiri izvozvo zvaive—zvaive zvisina musoro. Ndinotenda kuti zvinofanira kuva nenzira chaiyo yazvakataurwa neGwaro kuti zvinofanira kuva; kwete kusiyana nekachidimbu kubva muMagwaro, ramba wakamira naRo.

79. Mubvunzo. Zvino! Hama Branham, ichokwadi here kuti Satani akambenge ari Kudenga uye akadzingirwa kunze, iye nengirozi dzake vakauya panyika, kana kuti chiratidzo sechakaonekwa naJohane paChitsuwa chePatimosi? Chikonzero ndiri kubvunza izvi, ndechekuti, ndakaudzwa kuti chaiva chiratidzo.

⁶⁶ Johane akazviona sechiratidzo, asi chaitova chiitiko chaicho. Kana mukavhura kuna Isaya 14:12. Zvino, iyi inononokera, asi kwandiri, zvitori—zvitori zvidzidzo. Uye chimwe chinhu chekuti... Pamwe unofunga, “Saka, handichisina basa nazvo zvino.” Hautongozive kuti Mwera Mutsvene iwoyo unodya sei paShoko raMwari. Unofanira kuva neShoko kuti—kuti uridye, nokuti Mwera Mutsvene unongodya bedzi, uye paShoko raMwari bedzi. Munozvitenda here? Bhaibheri rakataura kudaro. “Munhu haangararama nechingwa chete, asi neShoko

rimwe nerimwe rinobuda mumuromo waMwari.” Horaiti! Chitsauko 14 chaisaya, uye ndinotenda pano zvino tichatangira pavhesi 12. Ngativerengei zvino nezvaRusiferi.

Wagowa *seiko* kubva *kudenga*, O Rusiferi, . . .
(Akawa kubva Kudenga) . . . *mwanakomana wemambakwedza!* . . . (Ngirozi ichibva Kudenga.)

Wagowa *seiko* kubva *kudenga*, O Rusiferi, *mwanakomana wemambakwedza!* wagokandirwa *seiko pasi, iwe wakafamba—wakapedza marudzi simba!*

Nokuti wakati *mumoyo mako, ndichakwira kudenga*, uye *ndichakwidza chigaro changu choushe kumusoro kwenyeredzi dzaMwari: ndichagarawo zvakare pamusoro pegomo reungano*, kudivi rekumaodzanyemba:

ndichakwira kumusoro-soro kwamakore; ndichange ndakaita seWokumusoro-soro.

⁶⁷ Saka munooa kuti chakange chisiri chiratidzo. Zvechokwadi, Rusiferi akakandwa kunze kweDenga.

⁶⁸ Zvino, ngativhurei kuTestamende Itsva kuna Ruka 10:18, kwechinguvana, tione zvakataurwa naJesu. MuBhuku raRuka, mune maBhaibheri enyu zvino, ndichiedza kusvika pamibvunzo iyi, Ruka 10:18:

Zvino *akati kwavari, . . . (Jesu achitaura) . . . Ndakaona Satani semheni achiwa kubva kudenga.*

⁶⁹ Munooa, Satani ndiye aiva mutumwa mukuru wepamavambo waMwari. Akambogara Kudenga. Akatombova munhu mukurusa kumatenga kunze kwaMwari. Akanga ari munhu wepedyosa waMwari pakuyanana, zvino akazvitutumadza mumoyo make.

⁷⁰ Uye handizvo here zviri kungoita vanhu nhasi uno? Mwari ngavangoropafadza munhu voisa kachivimbo maari, zvino anozovika pakuva mazivazvose. Anobva ava . . . Anofanira kutanga sangano, kana kuti anofanira kuita chimwe chinhu chakasiyana. “Wagowa seiko kubva Kudenga, O Rusiferi!”

⁷¹ Ndizvo . . . Mwari vane nguva yakaoma kuedza kuwana mumwe munhu waVanogona kushanda naye, achagara akazvininipisa, uye ari munyoro, uye anogara panzvimbo kusvikira Mwari vamudana kuti aite chimwe chinhu (munozvitenda here izvozvo? Maona?), munhu wekuti Mwari vanogona kuropafadza uye oramba akazvibata semunhu, asazova ngirozi kana mumwe mwari. Munhu paanongoropafadzwa uye ova nechimwe chinhu chidiki chinopihwa kwaari, anoda kuva mumwe mwari; anoda kuva ngi—ngirozi. Anoda kuva mumwe munhu mukuru. “Zvandinoita ini, izvo . . . Ini neni uye nezvangu . . .” zvose

izvozvo. Iwayo maonero asiri iwo. Mwari vari kutsvaga mumwe munhu waVanoropafadza nokudurura maropafadzo, uye—uye paVanowedzera kumuropafadza, munhu wacho anowedzerawo kuva mudiki.

⁷² Uye haumbofa wakawana Mwari vachiwedzera kusvika wasvika pakusava chinhu. Unofanira kuzvideredza pachako. Uyo anozvisimudzira, Mwari vachamuderedza. Uyo anozvininipisa, Mwari vachamusimudzira. Unofanira kuva mudiki usati wava mukuru. Uye haumbofa wakava mukuru pamaonero ako iwe; unongova mukuru bedzi sekukura kwakaita Mwari mauri. Maona?

⁷³ Saka Rusiferi ari panyika nhasi achiedza kushanda muchechi kuzadzisa chinangwa chimwe chete chaakatanga nyika isati yavambwa. Rusiferi akakavirwa kunze kweDenga. Zvakana.

⁷⁴ Ndinotenda kuti pane chimwe chinhu pano, Ezekieri chitsauko 28, vhesi 12. Ngationei kuti ipapo panoti kudii muna Ezekieri 28:12. Uye ndine chokwadi chekuti nekudzidza izvi, nekutarisa mazviri, tichiona zviri ZVANZI NAJEHOVHA, zvino tozoziva kana akadonha zvechokwadi kubva Kudenga kana kuti aingova hake chiratidzo chete—28 ne 12. Horaiti. Ndinotenda kuti ndiro randanyora pasi, 28:12. Zvakana. Hezvo tochtanga.

Zvino, ichi chinhu chikuru pano; ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva yokuparidza pazviri zvishoma (maona?), nokuti chaizvoizvo ndechimwe chinhu.

⁷⁵ Zvino, sezvo ndichangoisa nheyo yezvizvi, kuti Lucifer Kudenga akaedza kuzvikwidziridza uye kutove akakwirira zvishoma kupfuura Mukuru wake. Zvino akatadza kutendeka kuna Mikaeri, ndozviitira humambo hwakakura kumaodzanyemba, ndokudzika. Zvino, naiye nengirozi dzake vakakandirwa kunze.

Munhu uyu abvunza nezvaZvakazarurwa...Zviri pana Zvakazarurwa 12, pachitsuwa chePatimosi.

Asi zvino cherechedzai izvi pano, pandima 12, uye tarisai kuti anogara sei muhumambo hwevanhu.

⁷⁶ Vangani vanhu vari pano vanonzwisisa kuti dhiyabhore anotonga nyika yose iri pasi peDenga? Dhiyabhore ndiye anotonga United States. Dhiyabhore ndiye hurumende yeUnited States. Dhiyabhore ndiye hurumende yeGermany. Ndiye hurumende yenyika dzose dziri pasi pematenga. Dhiyabhore anotonga nyika dzese, Bhaibheri rinoti anodaro. Verengai Mateo chitsauko 4. Satani paakaenda naJesu pamusoro pegomo, ndokuMuratidza humambo hwepasi rose, uye akati ndehwake, akatoti, “Ndinohupa kwauri kana ukangondinamata,” Jesu haana kumboti, “Wanyepa, Satani.” Aitoziva kuti hwaive hwake. Asi umo muBhuku raZvakazarurwa, rakati, “Farai, imi matenga newe nyika, nokuti humambo hwenyika ino hwava

humambo hwaIshe wedu nehwaKristu waKe. Zvino Achatonga panyika.”

⁷⁷ Izvi aiziva kuti muMireniyamu kuti hurumende dzose nehumbambo hwose zvichaputsirwa pasi, uye Achange ari Mwari neMutongi pamusoro pazvo zvose. Aiziva kuti ndiYe mudyi wenhaka yazvo zvose, saka nokudaro, Akaudza Satani, “Ibva shure kwaNgu, Satani!” nokuti Aiziva zvaAifanira kuita.

Zvino, teererai kune izvi, Mweya waShe uri pamuporofita uyu Ezekieri, achitaura, kwete kuna mambo uyu, asi kumweya uri muna mambo wacho. Tarisai izvi zvino.

⁷⁸ Munorangarira mangwanani ano pandakuratidzai kuti sei muMagwaro kuti chechi yakatsaukira sei panzira isiriyo kubudikidza nekutora masangano evanhu. Chinhu chimwe chete, Israeri yakatsauka kubudikidza nokuramba Mwari saMambo wavo uye vachida Sauro kuti ave mambo. Zvino Mambo wavo chaiye paakauya, Jesu, havana kuMuziva, nokuti kuparidza kwaKe—kwaKe nedzidziso yaKe zvakanga zvakasiyana zvikuru nemadzimambo epanyika, kusvika vakatadza kuMuziva. Uye nhasi, apo Mambo weChechi, Mweya Mutsvene, kana Ari pano, uye Anouya muChechi kuzoita kuti vanhu vavandudzwe, kuvapa kuberekwa patsva, zvakatosiyana zvikuru nehurongwa uhwu nemasangano emachechi kusvikira vanoti, “Aa, zvinoita sevaumburuki vatsvene kwandiri.” Maona?

⁷⁹ Hazvisi zvaZvinoratidzika kwauri, ndeizvo zvinotaurwa neShoko raMwari pamusoro pazvo. Tarisai pazva rePentekosti, zvairatidzika sei? Tarisai pane dzimwe nguva pavakagamuchira Mweya Mutsvene; kuti zvairatidzika sei? Madzimai nevarume, mhandara Maria, nevamwe vose, vachidzedzereka sevanhu vakadhakwa, vachingodzedzereka, kudandidzira, miromo inokakama, nedzimwe ndimi, vachienderera seboka remapenzi. Asi vakanga vachitofa kune zvavari, uye Mweya Mutsvene wakanga uchipinda mavari. Zvino vakatungidza nyika inozivikanwa nemoto. Chatinoda nhasi vanhu vachafa kune zvavari, uye voora kune zvavari, uye vopisa zambuko rose kumashure, nekupira zvose kuna Kristu.

⁸⁰ Cherechedzai Mweya Mutsvene uchitaura zvino kuna dhiyahore ari muna mambo uyu. Onai kuti muchinda uyu aive ani ari kutonga mambo uyu.

Munorangarira zvandataura mangwanani ano, mudzimai wangu akataura pamusoro pemudzimai kumusoro uko, boka rese revakadzi vava vakapfeka mbatya dzisina hunhu, dzinonyadzisira? Maona? Akati, “Vanofanirwa kunge vakarasika njere chete. Mudzimai ane pfungwa dzake dzakakwana haangambozvifumura saizvozvo.”

⁸¹ Ndikati, “Mudiwa, anongova munhu wemuAmerica; ndizvo zvoga. Itsika yekuno. Vanozviita, nekuti inotova tsika.” Munoono, vanotevedzera pfungwa dzavo. Asi pfungwa dzako,

kana ukatevera musoro wako, unotongwa nadhiyabhore. Dhiyabhore akatora musoro wemunhu, Mwari vanotora moyo wemunhu. Dhiyabhore anokuita kuti utarise pane chimwe chinhu chaunogona kuona. Unoti, “Zvinoka, ndizvozvo, ndizvozvo, kushandisa pfungwa, kuzvishandisira pfungwa.” Asi Bhaibheri rinotiita kuti tikandire pasi kushandisa pfungwa, uye kubudikidza nekutenda tigotenda zvinhu zvatisingaoni. Ndizvo zvinoitwa naMwari paVanouya pamoyo wemunhu.

⁸² Mubindu reEdheni dhiyabhore akatora musoro wemunhu; Mwari vakatora moyo wake. Uye ndicho Chigaro chehushe chaMwari, munogara Mwari, mumoyo wemunhu. Uye zvino, kana zviri zvepfungwa... Chokwadi, zvino murume kana mudzimai akaberekwa naMwari anoita seHumambo hwekwavanobva. Hareruya! Zvinondiita kuti ndidanidzire. Sei? Nokuti paunoziva kuti wakabva murufu ukapinda muHupenyu, nokuti unovenga chivi, uye unoda Mwari; uye uchamira zvisinei kuti unofa here kana kuti haufe. Unomira uchiti handizvo, woti chakaipa chakaipa; wofamba zvakatwasuka pamberi paMwari. Zvinoratidza kuti Mweya wako, Hupenyu huri mauri hunobva kune imwe nzvimbo, inova tsvene, uye isina chipomerwa, uye isina kusvibiswa, uye isina kushatiswa.

⁸³ Zvino unoti, “Kupodza kwaMwari?” Chokwadi! Mweya wangu wakabva kunzvimbo ina Mwari Mupodzi. Tinobva kunyika yekupodza kwaMwari. Amen!

⁸⁴ Woti, “Unotenda kuti Mwari variko.” Chokwadi, kunobva kunyika iyo kuna Mwari. Uye tiri vafambi nevatorwa saAbrahama naIsaka. Apo chete—kufukidza kweMweya Mutsvene pakwakavabata, vakapfuura nemunyika vakapupura kuti vaive vafambi nevatorwa. Vakanga vachitsvaga Guta iro Muvaki neMugadziri waro aiva Mwari. Uye zvino, mushure mekunge tava neHumbowo hwawo huchirarama matiri, ko tinofanira kuva vafambi nevatorwa zvakawedzerwa zvakadini, tichifamba nemunyika, tichitendeutsa musoro wedu kubva kuzvinhu zvakaipa, nokuti tiri veimwe nyika, vamwe vanhu. Zvirokwazvo!

⁸⁵ Zvino tarisai huipi hunotonga nyika ino zvino, tichiverenga kubva kuna Ezekieri 28:12.

Mwanakomana womunhu, itira mambo weTire mariro, uti kwaari, zvanzi naIshe MWARI; . . . (Zvino tarisai; Ari kutaura kumweya uri muna mambo wacho. Maona?) . . . Zvanzi naIshe MWARI; Unovhara zuva, uzere nohuchenjeri, . . . wakakwana parunako. (Satani, muri kuona ipapo kuti Satani ndiye aive akanakisa chaizvo pangirozi huru dzose?)

Wakanga uri muEdheni . . .

⁸⁶ Zvino munoziva kuti Mambo weTire panguva iyoyo aisagona kunge ari muEdheni, nokuti aiva makore 4,000 zvisati zvaitika.

Maona? “Wakambova muEdheni,” Vari kutaura naani? Vari kutaura naSatani ari muna mambo iyeye. Hareruya! Hama, ndiri kunzwa manyukunyuku ekunamata. Apo . . .

⁸⁷ Zvino ipapo, vanhu ava vachaita sei vanomhura nekuseka vanhu vari pasi pekuratidzwa kweMweya Mutsvene? Pavanoseka vanhu ivavo vari kumhura Mweya Mutsvene zvinova zvisingaregererwi zvachose. Hausi kutaura nemunhu iyeye, uri kutaura neMweya uri kufamba mumunhu iyeye. Tinofanira kukudzana, nokudanana, nokukurudzirana, nokutaura zvakanaka pamusoro pomumwe nomumwe. Ndizvo zvatnofanira kuita.

Zvino teerera kune izvi. Horaiti.

. . .Unovhara zuva, *uzere nohuchenjeri*, . . .
wakakwana parunako.

Wakanga uri . . .muEdheni, bindu raMwari; kunyange namabwe *anokosha* akanga ari chifukidzo chako, *sardhio*, *topasi*, . . .*dhaimani*, . . .*beriri*, . . .*onikisi*, . . .*jaspera*, . . .*nesafiri*, . . .*simaragidhino*, . . .*nekaribhunikuri*, . . .goridhe: . . .humhizha hwemabwe . . .hwemapombi *zvakagadzirwa mukati mako nezuva* rawakasikwa.

⁸⁸ Hoyoka uyo Rusiferi. Akambogara muEdheni. Zvino, tiri kuzodzoka kumubvunzo iwoyo munguva shoma, Rusiferi muEdheni, nekuti tine mbeu yenyoka pano pane imwe nzvimbo chinova chinhu chakaoma kushanda nacho zvikuru. Ndafunga kuti ndaizongotarisa kuti ndiwo ungava wekupedzisira.

⁸⁹ Asi aiva iye, uye dhiyabhore akadzingwa kubva Kudenga. Uye chinangwa chaicho chaakaedza kuita Kudenga, akauya pasi pano chaipo uye ari kuedza nepaanogona napo kuzadzisa zvaakaronga. Anoenda kumadzimambo nekuvatongi, uye kana akagona kuvawana, zvino anouya zasi chaiko kucheche uye ota vanhu—kana kuti ota muparidzi. Zvino kubva kumuparidzi, anoenda muungano chaimo opinda muungano pasi perunziro imwe chete, dhiyabhore mumwe chete achiita zvinhu zvimwe chete. “Unoziva, uri muPresbyteriani, haungazombova muumburuki mutsvene. Uri *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*; haungakwanise kuzvinyadzisa uchiva pakati pavo. Handiti, unoziva zviri nani pane kugara mune kamwe ketumatabhenakeri tweekare kana kuti tumamisheni mumugwagwa. Handiti, vanhu ivavo vakatodzima mumusoro mavo.” Kwete, havana. Kwete, havana; vakatongobaka pamoyo pavo; ndizvo zvoga. Havasi vanhu vakadzima mumusoro; vanongotungamirwa nemoyo wavo chete. Mwari vanorarama mumoyo yavo, uye vanhu vakatosiyana, huprisita wehumambo, vachipa chibairo chepamweya; ndizvo zvizibereko zve miromo yavo vachipa rumbidzo kuna Mwari, kunyangwe vachinzwa saizvozvo kana

kuti kwete. “Dzimwe nguva handiMuoni,” akadaro munyori werwiyo, “Ndinovimba uye ndomuMupa rumbidzo.”

⁹⁰ Woti, “Zvinoka, ndaizoenda kuchechi, uye ndaizorumbidza Ishe kana ndikanzwa saizvozvo.” Saka zvino, muprisita anofanira kuita chibayiro. Zvino imi, ungoro, muri vaprisita vakuru vaMwari, kuita chipiriso chepamweya; zvinova zvibereko zve miromo yako uchipa rumbidzo kuna Mwari.

⁹¹ Unodzika zasi woti, “Zvinoka, kana ndikanzwa saizvozvo, ndinoenda ndonopupurira mumwe munhu.” Zvinoka, ingozviita zvakadaro! Kana uri muprisita mukuru, hama, Zvinopisa mumoyo mako, kunyangwe uchinzwa kuda kuzviita kana kuti kwete. Enda unozviita zvakadaro, nokuti unofanira kuita chipiriso, chimwe chinhu chakaoma kuita. Enda unochiita zvakadaro, uri huprisita hwepamweya, vanhu vehumambo, muchipa rumbidzo kuna Mwari, nekuti Mwari vanogara mumoyo uyu.

⁹² Zvino, kana uri waSatani, unonzwa kuti uri nani zvishoma kudarika boka iroro revanhu. Zvino, uchaziva sei kuti ndezvipi zvacho zvakanaka? Zvitore neMagwaro. Kana munhu akaberekwa naMwari, anotenda Shoko rose rakanyorwa naMwari, uye oti Vanongova vakuru nhasi sezvaVagara vari, uye haVamboshanduki, uye Vanongori mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Kana akazadzwa neMweya Mutsvene, ane Mweya Mutsvene mumwe chete waVakapa pazuva rePentekosti, uye unomuita kuti aite nenzira imwe chete nekuita zvinhu zvimwe chete. Kana akaberekwa neMweya waMwari, Marko 16, Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Ichokwadi! Saka anoti, “Ndiri mutendi,” uye zviratidzo izvozvo zvorega kutevera, zvino mutendi wekabanga, kwete mutendi.

⁹³ Pane mapoka 3 evanhu, mutendi, mutendi wekabanga, neasingatendi. Uye ndiwo mapoka 3 oga aripo. Vatendi vekabanga vakawanda; kune vatendi vechokwadi vazhinji; uye kune vasingatendi vazhinji. Asi kana uri mutendi wechokwadi, Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. MuZita raNgu vachadzanga madhimoni, vachataura nendimi itsva. Kana vakatsika panyoka (Hama Evans) haizovakuvadzi. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora!” Oo, izvozvo zvinongova chokwadi sekungova chokwadi kweShoko raMwari. Hatina kodzero yekubvisa chero chinhu kubva pane iRoro. Bhaibheri rakati uyo achabvisa kana kuwedzera kuShoko iri, mumwe chete iyeye achabviswa muBhuku reHupenyu, kwaari. Mwari vakakwana kwazvo, zvekuti shoko rese rinofanira kuva rakakwana uye rinofanira kufamba kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa zvimwe chetezvo, shoko rose haro, murairo wose waMwari. Zvino, unogona kuRiita kuti ritaure chimwe chinhu pano uye woRimonyorora kumusoro kuno.

⁹⁴ Ndakanga ndakagara rimwe zuva pasi pemuti naHama

Charlie vari kumusoro uko naHama Wood vari pano; taivhima zasi kuKentucky. Taivhima nepfuti. Uye ini . . .Hama Charlie naHama Wood vakanga vanatsurudza mapfuriro epfuti dzavo mangwanani iwayo. Pamayadhi angangoita 50 vakanga vachipfura nzvimbo yakada kukura kudai, yakakura setsindi. Vakati, “Zviri raiti.”

⁹⁵ Zvino ndakaenda kunze ikoko . . .Ndaipfura misoro yezvipikiri pamayadhi 50. Zvino ndakapotsa ziso retsindi ndikairova padama. Ndikati, “Handizvo izvi; pfuti yangu haina kumira zvakanaka.” Zvino ndakazotanga kunetseka zuva rose. Manheru akatevera ndakakurumidza kupinda. Ndakapfura mabhokisi emabara. Ndai . . .Yaingorova zvishoma, hafu yeinji, kurudyi. Zvinoka, yaizongorova tsindi mumusoro chero payarova.

⁹⁶ Saka Charlie nevamwe, mangwanani akatevera vakanga vari kumusoro ikoko, nepfuti dzichingorira, vachingorova tsindi, uye ini ndakagara kuseri kwemuti ndichingokwiza maoko angu, ndichiti, “Oo, chii chanetsa nepfuti yangu?” Ndakazvinyarira kwazvo, kusvika ndakapfugama nemabvi angu, ndikati, “Ishe Mwari, handizive kuti dambudziko rangu nderei. Sei Makandiita, kamunhu kanohuta-huta, kanongonetseka? Sei ndichiva sezvizi? Havo varume avo vari kupfura tsindi, vachingopfura nesimba ravo rese. Vatova nechitsama chetsindi kare; uye hepano pandiri, ndakagara kuseri kwemuti, ndichikwizanisa maoko angu, uye ndichifunga kuti, ‘Pfuti yangu—yangu haizi kupfura musoro wechipikiri, pamayadhi 50.’” Ndakachema, ndokugara ipapo padivi pedanda.

Ndokubva Mweya Mutsvene wauya, kwete muInzwi, asi muchizaruro, ukati, “Ndakakugadzira nenzira iyoyo nechinangwa.”

⁹⁷ Sei? Handikwanise kutora Bhaibheri richitaura chimwe chinhu pano, sekutaura kunoita chechi, “Mweya Mutsvene waingova weboka iroro kumashure uko,” chechi inotaura kudaro; uye Gwaro roti, “Ani naani anoda.” Handikwanise kuriita kuti rinange chipfuro.

⁹⁸ Handikwanise kuita Calvinism—ingotenda kunaShe zvino wawana chengetedzo yekusingaperi—neArminianism, “Kuti kana ndikangorega kubata, ndisingabate, ndisingaravire, ndi—ndingada kuzviita, asi handikwanise kuzviita!” . . . Arminianism iri kuresa neCalvinism, uye zvose zviri zviriviri zvakarasika. Ndinofanira kuona pane . . .Vose vane Magwaro, asi anofanira kurova chipfuro. Zvino, kana Mwari vakataura chinhu chimwe chete muBhaibheri rino, chinofanira kurova chipfuro; chinofanira kuita kuti denderedzwa rese riri muBhaibheri iroro rinange pamboni yechipfuro ichocho. Rinofanira kuzviita, nokuti IShoko raMwari; uye haVana magumo, uye haRigoni kushanduka. Ameni! Ndinozvida izvozvo, nekuti ipapo unogona

kuzorora wakanyatsogutsikana zvakakwana kuti IShoko raMwari reKusingaperi. Uye nokudaro, ndinoedza kuRinzvera kubva muMagwaro akasiyana-siyana kuti ndiRiite—kuti ndione zvaRinozotaura. Zvakanaka.

⁹⁹ Satani akatodzingwa chaizvo kubva Kudenga naMikaeri Mutumwa mukuru naMwari. Uye akakandirwa panyika, akauya panyika, akapinda munyoka, akanyengera Evha, ndokubva apinda muvarume, madzimai, zvichidzika nemuzera rose pane chinhu chimwe chete chaakatanga pakutanga—humambo hukuru kwazvo, hwakanaka kupfuura hwemumwe muchinda uyo, ova gavhuna pamusoro pevose, mazivazvese. “Sanganu redu ndiro gurusa; ndiro—ndiro—ndiro rinotonga pamusoro pemamwe.”

¹⁰⁰ Makavanzwa vachiti, “Handiti, tine mazana akawanda kudai evaparidzi musanganu redu. Tine machechi makurusa aripo muguta.” Chinhu chimwe choga chazvinoratidza ndi S-a-t-o-n kwandiri. Ndizvozvo. Izvozvo zvinoreva dhiyahhore kwandiri. Kana ukawana munhu anoputsa nekuita sangano, nekuputsa hukama hwehama, uye voti havanei nechekuita nechечи duku . . .

¹⁰¹ Handisati ndamboona munhu akaderera zvakanyanyisa nazvino, kana kuti handisati ndamboona munhu ari kuresa zvakanyanya muchivi nazvino; handisati ndamboona mumwe—mudzimai akanyanyisa kuderera kana murume akanyanyisa kuderera, asi kuti ndinotoenda kwaari, ndomumbundira, ndomubvisa mazviri izvozvo kana ndichikwanisa. Handisati ndamboona boka revaumburuki vatsvene, kana chero zvaungada kuvadaidza, vachipembera, nekusvetuka, nekudaidzira, kana chero chavangaita, asi kuti ndinotosvikapo ndopembera, nekusvetuka, ndodanidzira pamwe navo kuti ndirumbidze Mwari (ndizvozvo chaizvo!) kunyangwe ari mutema, weyero, webhurauni, muchena, kana chero zvaangava. Hongu, changamire!

¹⁰² Mweya Mutsvene unouya padanho rimwe chete; rokuti waita zvinodiwa naMwari. Kana ukangoUwana, unouya padanho raMwari kwete pakufunga kwako nezvaWo. Satani anoedza kuzviita zvepamusoro, chimwe chinhu chikuru, chimwe chinhu chihombe, chepfungwa. Unofanira kuramba kushandisa pfungwa ikoko wotenda zvinotaurwa neShoko pamusoro pazvo. Amen!

80. Zvino, heunoi mumwe; ngationei kuti chii. Zvakanaka.
Ndapota tsananguraiwo mufananidzo wemhandara 5. Ko Mukristu anotadza here?

¹⁰³ Zvino, mufananidzo wemhandara 5—kana kuti mhandara 10 ndizvo, ndapota ndiregerereiwo. Mhandara 10 dzinowanikwa muna Mateo 25:1. Mhandara 10 dzakabuda kunosangana nechikomba (zvino cherechedzai!), zvino 5 vavo vaive

vakachenjera uye vaive nemafuta mumarambi avo, 5 vaive vasina kuchenjera uye vaive vasina mafuta mumarambi avo. Vachiri vakarara, kudanidzira—kudanidzira kwakabva kwanzwika, “Endai munosangana nechikomba.” Uye avo vaiva nemafuta mumarambi avo, vakagadzirisira marambi avo, moto waipfuta, zvino vakabuda kunosangana nechikomba. Vamwe vakauya kuzotenga mafuta, uye vakavaudza kuti vaende kunotora kubva—mafuta kubva kune avo vaiatengesa. Vachiri kuenda, mwenga wakauya uye iyo—uye iyo—iyo mhandara yakachenjera ndokupinda, uye mhandara yakarara ndokudziringirwa kunze.

¹⁰⁴ Izvi zviri kuzorwadza, kurwadza chaiko, asi ndinofanirwa kutongozvitaure. Handina kumbobvunza mubvunzo wacho; ndinongova nemungava wekuupindura chete. Zvino, izvi zvinonyatsotibata isu chaizvo, hama, chaizvoizvo, kusvika ndinovimba kuti zwichabatsira pane kurwadzisa. Kazhinji unofanira kurwadzisa...Sezvaisitaura amai pavaindirwa, vaiti, “Zvinofanira kurwadza zvisati zvakuitira zvakanaka.” Saka, izvozo—izvozo ndizvo chaizvo. Maona? Handaikwanisa kuzviona panguva iyoyo, asi ndave—ndave kuzviona zvino.

¹⁰⁵ Honai, va...Vose zvavo 10 vakabuda vaiva mhandara. Zvino, paive nemhandara 10 dzakaenda kunosangana naShe. Zvino, izwi rekuti *mhandara* rinoreva kuti “kucheneswa (pane anozviziva here?), mutsvene, asina chipomerwa, akacheneswa.” Paiva ne 10 vavo vakaenda kunosangana naShe.

¹⁰⁶ Zvino rangarirai, vanga vakarara panguva yekurinda yekutanga, nguva yechipiri, nguva yechitatu, kusvika panguva yechinomwe. Asi ava vakaenda chaizvo kunosangana naShe. Uye rangarirai, pavaienda, Ishe vakauya. Ndiyo yaiva nguva yekuuya kwaShe. Kwete kuti ndiani akanga ari munguva yekurinda...

¹⁰⁷ Jesu akataura kuti vamwe vakawira munguva yekurinda yekutanga, vamwe munguva yechipiri, uye vamwe munguva ye...Asi pakuuya kwaShe vose vakamuka. Asi panyaya iyi, vaive nguva yekurinda yekupedzisira, nekuti vakabuda, 10 vavo, kunosangana naShe. Zvino 5 vakadzimisa mwenje yavo, vakasatora mafuta; 5 vaiva nemafuta.

¹⁰⁸ Zvino rangarirai, mafuta muBhaibheri mucherechedzo wechii? Pane angataura here? [Ungano inopindura, “Mweya Mutsvene.”—Mupepeti] Mweya Mutsvene! Zvino unogona kunge wakachena, usina chipomerwa, uye wakacheneswa usina Mweya Mutsvene. Kucheneswa ndiko kwauri...

¹⁰⁹ Zvino tarisai, ndichatora sebhodhoro iri. Uye riri kunze kuno muchivanze chemuzumbu rehuku, uye rakazara rose netsvina. Ndinorinhonga; ndiko kururamiswa: “Ndiri kuzoshandisa mutadzi uyu.” Uye chinhu chinotevera chandinaita kana ndichazorishandisa, ndichatorichenesa. Uye zvakare, kana

ndikarichenesa, chii chandinoina kwariri? Kurichenesa. Izwi rekuti *kuchenesa* rakaita—rinoreva “kuchena,” zvimwe chete nechitsvene. *Mutsvene—mutsvene* izwi rechiHebheru, *kuchenesa* izwi rechiGiriki. Izwi rokuti *kuchenesa* rinoreva “kuchena nekuiswa parutivi kuzoitira basa.” Asi zvino, vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yekururama nekuti vachazadzwa, vobva vazoiswa mukushumira.

¹¹⁰ Midziyo... Tabhenakeri yemuTestamende Yekare, artari yaichenesa midziyo, zvino yozoiswa parutivi *kuitira* shumiro. Payaizadzwa, yainge iri mukushumira.

¹¹¹ Zvino, ipapo ndipo imi vanhu vanodikanwa, maNazarene vanokosha nevamwe vakadaro, makasiya gwara. Maona? Isu tose... Sei muri kukundika? Sei Pentekosti yakatiza ikakusiyai. Nokuti makaramba kufamba muChiedza. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Ndizvo chaizvo. Artari yekutanga yandakapfugama pairi yaive artari inokosha, yekare yeNazarene zasi kuno. Mwari vavaropafadze, chechi yakanaka, tsvene, yakachena, asi muri wemurairo kwazvo zvokuti munoti, “Unofanira kuita *izvi*, uye unofanira kuita *izvo*. Unofanira kuita *izvi*,” uye hamucherechedze kuti inyasha dzaMwari uye makadanwa nekusanangura. Hazvisi zveuyo anoda kana uyo anomhanya, asi ndiMwari vanoratidza tsitsi. Maona? Mwari vakafanotemera Chechi nyika isati yavambwa (tine mubvunzo pamusoro pazvo mumaminiti mashoma. Maona?), vakafanotemera Chechi nyika isati yavambwa.

¹¹² Haugone, nokufunga, kuwedzera kubiti rimwe pachimiro chako. “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga.” Maona? Munoono, ndiMwari vaidana, Mwari ndivo vaidhonza, Mwari ndivo vakaisa Chechi. Zvino, zvino, unoti, “Hama Branham, chiCalvinism chaicho ichocho.” Kwete, handicho. Zvino, mirai! Handitende kuti Mwari vanotora munhu zvino vongoti, “Apa, Ndichakusimudza uye...”

¹¹³ Vese ava maBaptisti nemaPresbyteriani vanoti, “Zvino, ndinotenda kunaShe, handina—hazvipomeri hana yangu!” Ndosaka, hauna chinokupomera. Vanoti, “Asika, kudhanza hakundikanganise. Kunwa tudoro pahushamwari hakundikanganise.” Nokuti hamuna chinhu imomo chinokanganisika. “Kutaura nyambo dzakasviba hakungambondinetsa.” Nekuti sei? Hamuna chinokanganisika mukati imomo.

¹¹⁴ Asi handishumire Ishe nokuti ndinofunga kuti Vanozondiendesa kugehena kana ndikasadaro; ndinoVashumira nokuti ndinoVada. NdinoVashumira nekuti pane chimwe chinhu mandiri. Kana ukabuda woti, “Zvino, ndinofanira kusiya kuita *izvi* nokuti chechi yangu haitende mazviri,” uri kungotamba chikamu chemunyengeri. Ndizvozvo. Asi kana ukazviita nekuti

unozvida, uye—uye chiri chauri kuitira Mwari, nechimwe chinhu mumoyo mako chichiita kuti rudo rwaMwari rwuve rwukuru kwazvo kwauri kupfuura zvinhu izvi, zvino wava mugwara chairo. Asi kana ndisina kunwa, kuputa, kutsenga fodya, kutuka, ndisina kuita chimwe chinhu, zvakangodaro ndinongoenda kugehena. Chokwadi! Ndakajoinha machechi ose, ndikabhabhatidzwa, uye ndikava nezita rangu pamabhuku ose, ndikaita chikamu chakanaka, uye ndikarama hupenyu hwakanaka, “Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva, haangatongoni Humambo hwaMwari.” Ndizvozvo chaizvo!

115 Zvino mhandara idzi, 10 vavo vakanonokera. Chakashamisa vanhu veNazarene hechi: Nokuti maPentekosti vakatora chiratidzo chekutanga cheMweya Mutsvene kuti kutaura nendimi. Vakavaisa zasi paartari ndokuvaita kuti vataure chimwe chinhu kana chimwewo vachingochidzokorora kusvikira vazotaura nendimi. MuPentekosti chaiye, wechokwadi haaizogamuchira zvakadaro. Dhiyabhore aiva nezvinhu zvakawanda muhechi yenyu yeNazarenewo zvakare. Maona? Uye ane zvinhu zvakawanda muhechi yePentekosti, asi kana zviri zvekubhabhatidzwa neMweya Mutsvene, ndicho Chokwadi. Ndicho Chokwadi chaicho.

116 Kune vazhinji vavo, ndinoziva. Ndakanzwa vanhu vachitaura nendimi. Handikwanise kutonga; handina kutumwa kuzotonga. Ndakanzwa zvakawanda nezvazvo; zvainzwicka sendarira inorira nedare rinongoti ngwere-ngwere. Asi ndinoziva kuti kune Mweya Mutsvene wemazvirokwazvo unotaura nendimi. Uye ndinoziva kuti ndizvozvo chaizvo. Hongu, changamire!

117 Asi vakaona vanhu vachiuya vachiti, “Mwari ngavarumbidzwe, ndinaWo.” Saka zvino, ndizvo zvimwe chete...Zvino, musadaidza izvozvo kuti Pentekosti nekuti vakasvetuka-svetuka, nekutaura nendimi, uye makambovaona vari kunze uko nemukadzi wemumwe munhu kana murume wemumwe munhu.

118 Unoti, “Iwoyo Mweya Mutsvene here?” Imi maNazarene makadanidzira pauriri pose uye mukaita zvimwe chetezvo. Makati makava naWo pamakadanidzira. Maona? Hapana nzira zvachose yaunogona kuzviratidza ne—asi nehupenyu hwako hwaunorarama. “Nezvibereko zvavo muchavaziva.” Ndizvo zvazviri. Hupenyu wehumwari naKristu achishanda newe achisimbisa Mashoko, zviratidzo nezvishamiso zvichitevera nehupenyu hune humwari, ndicho chinhu chemazvirokwazvo. Zvino, unogona kuva nezviratidzo zvakawanda usina hupenyu. Unogona kutevedzera hupenyu pasina zviratidzo, asi kana ukazviona zvose pamwe chete, zvino ndizvozvo. Ndizvo zvacho.

Zvino! Uye zvakare, rangarirai, Mwenga...Zvino ndinogona kupedzisa izvi kana muchingova nenguva

yemaminitsi mashoma, kuenda pazviri.

¹¹⁹ Tarisai, mudzimai ari kuzocheka dhirezi. Ane jira rakakura kwazvo. (Toridaidza kuti chii? Calico, gingham, kana chimwewo chinhu, imwe mhando yezita raunaro. Ngatiti isiriki.) Uye ane patani yacho. Zvino anotarisa pajira iri rakakura kwazvo. Zvino, zviri kwaari paari kuzoisa patani yacho. Ndizvo here? Anogona kusarudza kubva pane chero chikamu chejira iri, uye rose rakacheneswa, rakachena. Munoono, kusanangura. Kusanangura kwaMwari. Saka Vanoitei? Mwari vanotora nekusanangura voisa patani iyi yaKristu chero papi paVanoda pajira racho. Zvadaroro rozohekwa. Rimwe jira rose rinongova dzvene sechikamu ichi chaive chitsvene, asi nesarudzo Mwari vakaita sarudzo yaVo nyika isati yavambwa. Ko Pauro haana here kuti muna VaKorinde—VaKorinde 8, ndinoreva, VaRoma 8, kuti, “Muumbi anogona here...ivhu rinogona here kuti kuMuumbi, sei wandiumba zvakadai?” Ko Mwari, Vakarurama, paVakagona kutaura kuna Esau kana Jakobho chero wevakomana asati aberekwa kana kuita zvakanaka kana zvakaipa, “Ndinovenga Esau uye ndinoda Jakobho”? Imhaka yakuti nekufanoziva Vaitoziva zvaiva Esau nezvaiva Jakobho. Vanoziva zviri mumunhu. Nyika isati yavambwa Vaitoziva, iVo...

¹²⁰ Kana waigona kutsanangura izwi rekuti *kusingagumi*... Handiti, izwi rekuti *kusingagumi*... Ndinoti kwaive nematani 100 bhiriyo etunyonyu pasi rose (izvo hazvingatangi), matani 100 bhiriyo etunyonyu pasi rose, uye kamwe nekamwe katwo kakabwaira maziso ako ka 100 tiririyo bhiriyo. Uye hapana kana kamwe katwo kangabwaira ziso rako Mwari vakasazviziva nyika isati yavambwa. Ndiko kusava nemagumo. Ndechimwe chinhu paizwi rekuti *kusingagumi*. Maona?

¹²¹ Havana magumo. Saka nyika isati yavambwa Vaiziva chaizvo zvawaizaita. Zvino Vakatumira Kristu, kwete kuti angova...Kana mumwe munhu, “Zvino kana ndikangorega hutsinye hwangu ndoMutevera,” kana chimwe chinhu chakadaro, handizvo. Vaiziva kuti ndiani aizoponeswa, saka Vakatumira Kristu kuti aponese avo vaVakafanoona kuti vaizoponeswa. Ndizvozvo chaizvo.

¹²² Zvino, Chechi pachaYo ine chengetedzo yeKusingaperi. Kana uri muChechi, wakachengetedzwa pamwe neChechi. Asi paunobuda muChechi, hauna kuchengetedzwa. Maona? Zvino, gara muChechi.

¹²³ Unopinda sei muChechi? Kubatana maoko, kunyora zita rako mubhuku? NeMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete; ndiyo Chechi iyoyo. Sei? Kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene takasimbiswa muMutumbi waKristu. Kusvika riinhi? Kusvika pazuva rerudzikinuro rwako. VaEfeso 4:30, “Musachedza

Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.” Wakasimbiswa kusvika pazuva rerudzikinuro rwako. Zvino. Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndiwo Mweya Mutsvene.

¹²⁴ Uye zvino, Chechi iyoyo yakatorwa kumusoro, uye vakasara vembeu yemudzimai vanochengeta mirairo yaMwari uye vaine kutenda muna Jesu Kristu (maona?), kwete Mwenga, vakasara vembeu yemudzimai. Zvino shato yakasvipa mvura kubva mumuromo mayo kuti iite hondo nevakasara vembeu. Ndipo apo chechi yechiprotestanti pasi peMubatanidzwa weMachechi, uyo mufananidzwa wechikara, uri kutoumbwa zvino... Uye pachava nekurambidzwa kwemachechi ose akadaro.

¹²⁵ Sekuti tiri mumusangano mukuru wemitero pano izvozvi, gakava, vachiedza kutura kuti hatisi chechi, uye tine kodzero dziri muBumbiro remutemo dzokuti tiri chechi. Chero bedzi Bumbiro remitemo riripo, hapana kugadziriswa kwaro, saka zvirokwazvo tine kodzero dzacho, sezvakangoitawo chero ani zvake. Madzitateguru edu akamiririra izvozvo. Asi chii chatakaita, takatyora mirairo yose yeBumbiro remutemo yavanogona kutyora, uye munguva pfupi iri kutevera Mubatanidzwa weMachechi, uyo machechi ese nemasangano anokokwa mauri, uye dhiyabhore akapinda uye achiita zvenyika nezvimwe zvese munhengo dzemuchechi yepanzvimbo ipapo nezvimwewo zvakadaro, neungano huru, nezvepamusoro, nenzanga, apo chechi diki yekare ichiri zasi uko ichiberekwa patsva mune zvinosemesa sezviri kuzvarwa kupi zvako, vachiri kubhadhara mubhadharo, vachiri kupfugama uye vachifa, vachiita nenzira imwe chete yavakaita pavakatanga kuzvarwa pazuva rePentekosti, mhando imwe chete yechechi zasi ikoko... Vachavharirwa nekupfigirwa kunze pasi peMubatanidzwa weMachechi. Kuchave kurambidzwa semubatanidzwa kana chimwe chinhu. Uchatopinda kana kuti uhabuda.

¹²⁶ Munembo wechikara uripo nhasi, nechi—Chisimbiso chaMwari Mweya Mutsvene. Kuuramba munembo wechikara. Chero ani zvake anoona Mweya Mutsvene, kuti unofanira kuUgamuchira, uye worega kudaro, zvinobva zvatongoitika kuti unotora munembo wechikara pakarepo, nekuti kune mapoka 2 chete aripo: vose vakanga vasina Chisimbiso chaMwari vakava nemunembo wechikara. Saka kugamuchira Chisimbiso chaMwari kugamuchira Mweya Mutsvene. KuUramba ndiko kuva nemunembo wechikara. Heyoka nyaya yacho yose. Ndizvozvo chaizvo.

¹²⁷ Zvino, Mwenga wakakwira kumusoro, vakasara vakasarira pano. Uye ndiye wacho anozouya murumuko rwechipiri. “Akaropafadzwa uye mutsvene uyo ane chikamu murumuko rwekutanga, wokuti rufu rwechipiri harwuna simba paari.” Ndizvozvo. Rumuko rwechipiri kuchave Kutongwa kwepaChigaro Chichena, zvino tevere chechi... “Hamuzivi

here,” akadaro Pauro, “munoenda pakati pevasingatendi nemagweta nevamwe vakadaro apo vatsvene vachazotonga nyika.” Nyaya idzi dzinofanira kutongwa pamberi peChechi, kwete pamberi pevatongi vasina nduramo nevamwe vakadaro, asi pamberi peChechi nyaya dzedu dzinofanira kutaurwa. Musambofa henyu makaendesana kumatare emhosva. Uye Mwari ngavanzwire tsitsi munhu anoendesa Mukristu kudare remhosva. Ndizvozvo. Pauro akatovarambidza kuti vadaro.

¹²⁸ Zvino, ndiwo Mwenga, zvino heyo mhandara yakarara, yasara panyika. Mhandara yakachenjera inoenda Kudenga nemafuta mumwenje wayo.

Ndinoziva kuti tinogona kupedza nguva yakawanda pane izvozvo, asi ndicha—ndichakurumidza kuti ndipedze izvi.

¹²⁹ “Makristu anotadza here?” Zvirokwazvo kwete! Hapana Gwaro rekuti Mukristu anotadza. Haagoni kutadza. Ndinoziva kuti pane kusabvumirana nazvo izvozvo. Saka, tichangoenda kuna Johane Wokutanga 3 toona zvinotaurwa neGwaro. Mukristu haaite chivi.

¹³⁰ Makamboona here shiri nhema, iri chena kana shiri chena, iri nhema? Makamboona here munhu akadhakwa, asina kudhakwa? Kwete! Hausati wamboonawo mutadzi, mutsvene zvekare. Hakuna chinhu chakadaro.

¹³¹ Zvino, kana izvi zvikingobata zvishoma, ingoisa bhasamu rakawanda imomo, unoziva, uye richa—richarapa munguva pfupi iri kutevera zvino.

¹³² Zvino, Magwaro ndiwo zviratidzo zvedu zvamazvirokwazvo, zvisingakundiki zvezvatiri kutaura nezvazvo. Johane weKutanga chitsauko 3 nevhesi 9. Zvakanaka, teererei kune izvi!

Uyo anoita zvivi ndewadhiabhore; nokuti dhiabhore akatadza kubva pakutanga. Nemhaka iyi Mwanakomana waMwari akararatidzwa, kuti aparadze mabasa adhiabhore.

Teererei, magadzirira here? Makapfeka here mabhachi enyu, nhumbi dzokurwa nadzo dzose dzakasungwa? Nyatsoteererei, nekuti izvi zvinokatyamadza.

Ani naani akaberekwa naMwari haaiti chivi; . . . (Zvinogodaro sei?) . . . nokuti mbeu yake . . . (mbeu yaKe, yaMwari.) . . . inogara maari . . . (Munhu!) . . . uye haagoni kuita chivi, nokuti akaberekwa naMwari.

Mune izvozvi vana vaMwari vanoratidzwa, navana vadhiyabhore: ani naani asingaiti zvakarurama haazi vaMwari, naiyewo . . . asingadi hama yake.

Mungava sei nemasangano uye moisa zvidziviso nezvinhu zvakadaro, uye moti makaberekwa naMwari? Hakuna chinhu chakadaro. Kunyomba kwa—Satani. Ndizvozvo chaizvo. Asi

munhu akaberekwa naMwari haagoni kutadza; hazvigoneki kuti atadze.

¹³³ Tarisai! Regai ndimbatora muchinjikwa uyu kwechinguvana kana uchibva ipapo. Ndiani aiva chibayiro chechivi? Jesu Kristu. Tinopinda sei muna Kristu? Ndiani akatifira? Kristu. Chii chaAkafira? Zvivi zvedu. Akatora murango wangu. Ndizvo here? Uyezve ndinopinda sei maAri? NeMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete. Uye kana tiri muMutumbi uyu, takafukidzwa neRopa uye takasunungurwa kubva mukutongwa. Haagoni kutadza, nekuti pane chibayiro cheRopa chinomumirira siku nesikati. Hareruya! Haagoni kutadza. Haana chishuwo chokutadza. Kana akazviita—kana akaita chimwe chinhu chakaipa, haarevi kuchiita. Bhaibheri rakati muna VaHebheru chitsauko 10, “Nokuti kana tikatadza nemaune mushure mekunge tambogamuchira zivo yeChokwadi (uye ndiYe Chokwadi), hakuchina chimwezve chibayiro chechivi. Uyo akazvidza murairo waMosesi akafa pasi pezvapupu 2 kana 3, murango wacho wakanyanya kuoma zvakadzi tingati, kunyange hazvo wakakodzera, uyo anotsika-tsika Ropa raJesu Kristu pasi petsoka dzake uye akatora Ropa resungano raakacheneswa naro sechinhu chisiri chitsvene, uye akazvidza mabasa enyasha.”

¹³⁴ Nokuti noMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete uye takasununguka kubva kuchivi, uye hatikwanisi kutadza. Pane yananiso yakatimirira. Uye kana pachiine chishuwo mumoyo mako chekutadza, hauna kumbobvira wabhabhatidzwa muMutumbi iwoyo, nokuti wakafa uye hupenyu hwako hwakavigwa muna Kristu kubudikidza naMwari uye wakasimbiswa neMweya Mutsvene. Makristu haaiti chivi. Vanokanganisa, asi havaite chivi. Amen! Ndicho chikonzero vasingadaro, nokuti haagone kuita chivi.

¹³⁵ Ndingava sei ne . . . Kana ndikadzika nemuguta muno, zvino meya weguta oti, “VaBranham, ndinoziva kuti munoshanyira varwere. Pane muganhu wekumhanyisa motokari. Muganhu wekumhanya kwakanyanya muguta makiromita angangoita 48 paawa. Asi ndiri kukupai mvumo yekumhanya 145 kana muchida, nekuti ndine ruvimbo mamuri kuti hamungazviite kunze kwekunge mafonerwa dambudziko rinoda betsero yechimbi-chimbi kana kuti paine munhu ari kufa mutsaona yemotokari. Uye ndichakupai mvumo, sameya weguta rino, kuti munogona kumhanya neparobhoti dzvuku, moita chero zvamunoda, ingoendererai mberi.” Ko kamwewo kamupurisa kasina basa kangandisunga chirudzii pano ndichifamba makiromita 64 paawa munzvimbo yemakiromita 48? Haakwanise. Handikwanise kutyora mitemo yekumhanya pamugwagwa muguta muno, nekuda kwei? Ndiri pamusoro pemitemo yekumhanya mumugwagwa. Amen! Ndinovimba muri kuzviona.

¹³⁶ Uye kana tichinge tafa, uye Mwari vacherechedza kutendeuka kwedu, Vacherechedza rubhabhatidzo rwedu, Vakacherechedza Ropa reMwanakomana waVo ivo, iro nekutenda rakaiswa, Vanocherechedza kufanogadzwa kwaKe, uye vanoziva kuti ndaizozviita, uye vakandicherechedza muna Kristu, ndakafa... Uye Kristu akafa panzvimo yangu paAkauraiwa nyika isati yavambwa. Zita rangu rakaiswa muBhuku raKe seMukristu. Hareruya! Kristu akafa rufu rwangu. Kristu ndiye Chibairo changu. Uye Mwari havagone kuverengera chivi pandiri zvachose. Vakandipa Chisimbiso cheMweya Mutsvene sechapupu chekuti ndakabva murufu ndichipinda muHupenyu. Fiyuu! Ndizvo zvinozviita.

¹³⁷ Zvino avo vakaberekwa naMwari havaiti chivi, nokuti haagone kuita chivi. MuTestamende Yekare gore rega-rega kwaiva nekurangarirwa kwechivi. Asi Kristu, nechibairo chimwe chete Akakwanisa nekusingaperi munamati. “Mu—munamati kana achinge angonatswa (VaHebheru 10)—munamati kana achinge angonatswa haachina hana yechivi.” Saka ukatora vanhu ava vanomhanya muchechi nokusvetuka-svetuka, nokudanidzira, nokutaura nendimi, uye voita seMukristu chaizvo, vobuda, uye gore rinotevera vanotofanirwa kudzoka zvakare, vhiki rinouya. Havana kumbobvira vakauya chero kupi zvako pakutanga kwacho. Vari kungotevedzera chete, nokuti Bhaibheri rakataura kuti Mweya Mutsvene unotisimbisa muna Kristu kusvikira pazuva rerudzikinuro rwedu. Hareruya! Ndizvo zvinondiita kuti ndizorore nechivimbo, nokuti Mwari vakazvivimbisa.

¹³⁸ Hapasisina chivi. Nyaya yechivi yakatopedzwa. Ndicho chikonzero chivi chichiratidzika kuve chakasviba kwazvo kuMukristu. Ndicho chikonzero madzimai kunze kuno vakapfeka zvikabudura vachiratidzika kuva netsvina kwazvo kuMukristu. Ndokusaka zvinyadzi, ndokusaka zvinhu zvakasviba, ndokusaka kuputa, kunwa, kutamba njuga, zvirongwa zvese izvi zvisina kupepetwa paterevhizheni, zvinhu zvese izvozvo zvinoratidzika kuva tsvina. Sei? Uri weHumambo hwakasiyana. Wakaberekwa muHumambo hwaMwari uye wakasimbisa neMweya Mutsvene kusvikira pazuva rerudzikinuro rwako.

¹³⁹ Uyo akaberekwa naMwari haaiti chivi, nokuti haagone kutadza. Mbeu yaMwari iri maari, uye haagone kutadza. Chero bedzi Mweya Mutsvene iwoyo uri imomo Unobvisa chishuvo chose chechivi kubva mauri. Amen! Haagone kutadza; hapasisinazve chishuvo.

Tinogona kutora nguva yakareba pauri, asi ngatikurumidzei. Hatisi kuzoipedza, ndinoty kudarwo.

81. Sei machechi anobhabhatidza muzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene uye achibvumira

vaparidzi vechidzimai kuparidza, sei vaine simba guru nemvumo?

¹⁴⁰ Zvino, ichocho chinhu chinobata-bata. Zvino, ndinoziva kuti ndiri kutaura kune vanhu vanopesana neizvi, asi seMukristu ndinofanira kuzvitura. Hapana mvumo yeMagwaro muBhaibheri yerubhabhatidzo rwemumvura muzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Hapana kumbova nemunhu mumwe chete akambobhabhatidzwa muBhaibheri muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Iyoyo itsika yechiKatorike yakadzidziswa muzana rechitanhatu remakore.

¹⁴¹ Kusasa hakuna kumbobvira kwakavamo muBhaibheri, kuti vanhu vasaswe kana kudirwa, asi kunyudzwa. Kana muchida kuziva izvozvo, ndine ose rechiGiriki nechiHebheru pano pazviri.

¹⁴² Uye paZuva rePentekosti, Petro aida kuti vanhu vatotendeuke uye vabhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti varegererwe zvivi zvavo. Zvino Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene harisi zita. Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene... Mateo 28:19 yakati “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza muZita,” kwete mumazita, muZita, rimwe chete re... Kwete muzita raBaba, zita reMwanakomana, zita reMweya Mutsvene, asi muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. *Baba* harisi zita; *Mwanakomana* harisi zita; *Mweya Mutsvene* harisi zita. Madunhurirwa eZita.

¹⁴³ Zvino, mazuva 10 akatevera Petro akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu mubhabhatidzwe muZita raIshe Jesu Kristu.” Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, onai kuti pfungwa yetiriniti yakakomba... Munoono, vanoedza kuita vanamwari 3 kubva pazviri. Hakuna vanamwari 3. Ndinoda kukuverengerai izvozvo kubva muchiGiriki chepamavambo pano. Nzira chete yavakabhabhatidzwa nayo muZita raJesu, uye Bhaibheri rakataura muchiGiriki chepamavambo, kwaive kuvaita kuti vacherechedze kuti iYe aive Mwari.

¹⁴⁴ Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene mahofisi aMwari mumwe chete. Aiva Baba; Aiva Mwanakomana; ndiYe Mweya Mutsvene. Ndiwo mahofisi 3 emwaka 3: Hubaba, Humwanakomana, nemwaka weMweya Mutsvene. Asi Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene vane Zita rimwe chete, Ishe Jesu Kristu.

¹⁴⁵ Munhu wese kubva pazuva iroro zvichienda mberi akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, zvino vakawana vamwe vasina kubhabhatidzwa mune rimwe Zita zvachose, zvino rechiGiriki repakutanga rinodaro pano pachu uyewo ose nerechiHebheru, kuti rubhabhatidzo muZita raJesu nderwekuregererwa kwezvivi, ose rechiGiriki nerechiHebheru. *Kukanganwira* zvinoreva “kuregerera,”

honguka. Kana *ndikakanganwira* chero chinhu, ndiko kuchibvisa. *Kuchikanganwira*; “kuchibvisa.”

¹⁴⁶ Asi hapana Gwaro muBhaibheri. . . Zvino Pauro muapostora akapfuura nepo ndokuwana dzimwe hama dzechibaptisti, Mabasa 19. Vaiva nenguva yakanaka kwazvo; vaidanidzira; vaiva nemufaro mukuru nezvinhu zvikuru; uye vakanga vachiparidza, vaine mufaro mumusasa.

¹⁴⁷ Akwira naPrisira muchitsauko 18 vakanga vashanyira vanhu ava, Aporo; vaiva maBaptisti. Zvino Pauro akaenda kwavari, ndokuti, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvamakatenda?”

Zvino vakati, “Hatitozive kuti kune chinonzi Mweya Mutsvene.”

¹⁴⁸ Akati, “Makabhabhatidzwa sei?” Ndinoziva muKing James munonzi “nerwupi”; mune repakutanga rakati, “chirudzii.” “Makabhabhatidzwa nerwupi kana kuti chirudzii?”

¹⁴⁹ Vakati, “Takabhabhatidzwa nemurume mumwe chete akabhabhatidza Jesu, Johane.” Pauro akati, “Izvozo hazvichashandi zvachose. Munofanira kubhabhatidzawzve zvakare.” Zvino pavakanzwa izvi, vakadzokera mumvura vakabhabhatidzawzve muZita raJesu Kristu. Pauro akaisa maoko ake pamusoro pavo, Mweya Mutsvene ukauya pamusoro pavo. Zvino, kana izvo—kana Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, zvataura pano, uye Ishe Jesu Kristu, zvotaura pano, Handikwanise kurova zvipfuro zvose zviri zviviri. Chinofanira kunge chiri icho chaicho.

¹⁵⁰ Zvino, Mateo 28:19, ndicho chitsauko chekupedzisira nevhesi rekupedzisira muna Mateo. Kana ukaverenga nyaya yerudo, yobva yati, “John naMary vakararama vachifara kubva ipapo zvichienda mberi,” ndiani John naMary? Dzokera kwekutanga kwebhuku; uone kuti ndivanaani. Uone kuti John naMary vaive vanaani vakazorarama vachifara kubva ipapo zvichienda mberi. Kana Jesu akati, “Endai munobhabhatidza muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” uye *Baba* risiri zita, *Mwanakomana* risiri zita, uye *Mweya Mutsvene* risiri zita, zvino Aitaura nezvei? Ndiani Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene? Dzokera kwekutanga kwaro woverenga. Ndichataura madzinza aJesu Kristu, chitsauko 1, vhesi 18:

Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva sokudai: . . .
(Zvino nyatsotarisaisai. Mbiru iyo, tichaiti *Baba*, purupiti ino, *Mwanakomana*, ichi, *Mweya Mutsvene*. Zvino, Ndiani Baba vaJesu Kristu? Mwari ndivo. Imi mose munozvibvuma here? Mwari ndivo Baba vaJesu Kristu. NdiMwari Baba. NdiMwari Mwanakomana. NdiMwari Mweya Mutsvene.)

Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu. . . kwaiva sokudai: . . .(Mateo 1:18) Apo. . .vake vakaroorwa—

Maria mai vake akati akatsidzirana naJosefa, vasati vasangana, akaonekwa ava napamuviri pe... [Ungano inoti, "Mweya Mutsvene."—Mupepeti]

Ndafunga kuti Mwari ndivo vaiva Baba vaKe. Ndafunga kuti iYe akati Mwari ndivo vaiva Baba vaKe. Zvino Mwari neMweya Mutsvene vangagova vose Baba vaKe sei, kana vari vanhu 2 vakasiyana, vanhu 2 vakasiyana, hunhu, chero nzira yaunoda kuzvitauro nayo? Vanofanira kuva Munhu mumwe chete, kana kuti Aiva navanababa 2 vepamweya.

...kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva sokudai: Apo... Maria mai vake...vakatsidzirana naJosefa, asati asangana, akaonekwa ava napamuviri... (kwete paMwari Baba, asi pe)... Mweya Mutsvene.

Zvino izvozo zvose zvakaitwa, kuti zvizadziswe sezvakarehwa naIshe nomuromo womuporofita, achiti,

Tarira, mhandara ichava nepamuviri, uye igobereka mwana,... (Maona?)... uye vachamutumidza zita rake Emanueri, ndokuti kana zvichidudzirwa, Mwari anesu.

¹⁵¹ Uye Zita raKe rainzi ani? Jesu. Zvakanaka. Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Zvino, Baba neMweya Mutsvene Mweya mumwe chete. Mweya chii? Mweya waMwari. Zvino pazvakadaro, Akauya parubhabhatidzo rwaJesu akagara maAri, "Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa Uyo waNdinofarira kugara maari." Akadzika ndokugara muna Jesu, uye zvakaMuita Emanueri panyika. Saka Zita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene raiva ani? [Ungano inoti, "Jesu Kristu."—Mupepeti] Zvirokwazvo ndizvo zvaraiva.

¹⁵² Saka Petro aiva nechizaruro chimwe chete. Zvino, tine meso edu akanyatsonanga. Tiri kuzorova pamboni yechipfuro. Ngationei kana vadzidzi vakashandisa mhando yakadaro yekupfura. Nguva dzese dzavaiungana, nguva dzese paitaurwa nezverubhabhatidzo, vaitobhabhatidza muzita raJesu Kristu, nokuti akati, "Hakuna rimwe Zita rakapihwa pasi peDenga pakati pevanhu raunofanira kuponeswa naro." Ipfungwa yenhema yadhiyabhore uye hakuna Gwaro zvachose rezvakadaro. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁵³ Uye zvino, ndinovimba kuti hazvina kurwadzisa, asi iChokwadi. Maona? IChokwadi, hama. Haugone kuzviita... Haugone kurova Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene panzvimbo imwe naJesu pane imwewo, ipo pasina kana akambobhabhatidzwa muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Munhu wese muBhaibheri akabhabhatidzwa muZita raJesu, uye avo vasina kubhabhatidzwa nenzira iyoyo vakatouya kuzobhabhatidzwazve zvakare vasati vatombowana Mweya Mutsvene. Unogona kuita sekunge une simba rakawanda. Unofanira kutevera hurongwa hwaMwari husingagumi. Ndizvozvo chaizvo. Horaiti.

¹⁵⁴ Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene handizvo. Zvino, zvevaparidzi vechidzimai, chero ani zvake anoziva kuti handizvo. Kana usingazive zvinopfuura izvozvo! Ndinoshuva kuti dai ndaiva nenguva yekuzviverenga kubva muchiGiriki pano, zvakataura. Rakati, “Kana madzimai enyu achida kuziva chimwe chinhu, ngavabvunze varume vavo, nekuti zvinonyadzisa uye zvinosvodesa kuti munhukadzi ataure muchechi.” RechiGiriki rinodaro, ndinoreva, rechiHebheru. “Sezvinorevawo murairo, ngavanyarare vachizviisa pasi pemufudzi (Maona?), nokuti chivi uye zvinonyadzisa kuti munhukadzi ataure muchechi.” Ini zvangu, chero ani zvake anofanira kuzviziva izvozvo. Uye zvino... Izvo nzira yose nemuMagwaro, naTimotio, neMagwaro akasiyana-siyana, ndinawo akanyorwa pasi pano, kuti iChokwadi. Zvakanaka.

¹⁵⁵ Zvino, saka sei vaine simba? Unoti, “Sei zvichidaro?” Honaika, hama, regai ndikubvunzei, kana hanzvadzi, chero waangava ari kubvunza mubvunzo uyu, tarisai. Ndakaona mimwe yemisanganano ine simba zvikuru pakati pavanaMohamedhi, vachidanidzira, vachisvetuka-svetuka, votora banga vorinyudza nemumoyo chaimo sevzivvi, vodira mvura nemariri kumashure, vofamba nemumoto vasina shangu, zvimwe zvese zvakadaro, vorara pamibhedha ine zvinobaya zvakapinza, uye—uye votora munondo voubayira mumukanwa mavo chaimo vonyatsoubairira uchinyatsodzika saizvozvo—unogona kuutora pachako wouburitsa, uye ropa riri paupi nezvimwe zvese. Usataure pamusoro pezvinhu izvozvo. Maona? Ichochochi hachisi Chokwadi; izvozvo hazvisi kusimbisa chero chinhu. Maona? Jesu akati... Regai ndiverenge Magwaro andanyora pano kwamuri, Mateo 7:21-23: “Vazhinji vachauya kwaNdiri neziva iroro... Havasi vose vanoti, ‘Ishe, Ishe,’ vachapinda muHumambo, asi avo vanoita kuda kwaBaba vaNgu vari Kudenga vachapinda. Nokuti vazhinji vachauya kwaNdiri neziva iroro vachiti, ‘Ishe, handina kuparidza here muZita reNyu. Handina here kudzinga madhimoni, nekuporofita, nekuita zvimwe zvinhu zvose izvi.’ Achati, ‘Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama, haNdina kana kutombokuzivai.’” Maona?

¹⁵⁶ Saka regai... Munoono, Chokwadi chinogona kuuya nenzira imwe chete, hama. Zvino, handisi kuti vanhu vanobhabhatidza vanhu muZita raJesu Kristu vose vari kuenda kugehena. Handitaure kudaro. Mwari ndivo Mutongi; ngaVaite chero zvaVanoda, asi hapana Magwaro ari pamurawo muBhaibheri ekuti ani zvake abhabhatidzwe muzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.

¹⁵⁷ Pauro akaraira munhu wese akabhabhatidzwa neimwewo nzira isiri yeZita raJesu kuti auye kuzobhabhatidzwa zve zvakare muZita raJesu, ndokuti, “Kana imwe ngirozi inobva Kudenga ikauya ikaparidza imwewo dzidziso (VaGaratia 1:8),

ngaive yakatukwa.” Zvino Pauro akati, “Sezvandakambotaura kumashure, ndinotaura zvakare, kana imwewo ngirozi inobva Kudenga akakuparidzirai chimwewo chinhu, ngaive yakatukwa.”

¹⁵⁸ Zvino, izvozvone hazvigone...Haugone kurova apa woti ndananga chipfuro uye worova apo woti ndananga chipfuro. Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, woti, “Zvisiyei zvakadaro, zvakanaka!” Uye Zita raJesu, worega zvakadaro woti, “Zvakanaka.” Panofanira kuva nechimwe chinhu chinofanira kurova chakananga nemazvo. Mwari havasi movambi wenyonganiso.

¹⁵⁹ Zvino zvitarise nemuBhaibheri rose chero paunoda, uye uchaona kuti rubhabhatidzo rwenhema. Wodzokera kunhoroondo, zvino kunodzika kuzana remakore rechitanhatu mukuru Agtobus, ndinotenda kuti ndiye, paakabhabhatidza kana mumwe we...Handingati aiva Agtobus; ndakanganwa kuti zita rake raiva ani wacho akabhabhatidza...Kana muchida kuzviwana mu—mu*Ante Nicene Fathers* musangano we*Ante-Nicaea* usati wavapo, 325 A.D. vakanga vachiri kungobhabhatidza muZita raIshe Jesu. Zvino chechi yeKatorike payakatora masimba vakatora zita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Hapana kana nguva imwe chete kubva kumashure uko, pakambova nemunhu akabhabhatidzwa muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Itsika yechiKatorike.

¹⁶⁰ Luther akaunza zvakananda zvazvo pamwe naye. Wesley akaunza zvimwe zvacho zvose, uye tichiri kuenda kwazviri. Uye katekazi yeKatorike, iyo inonzi *Faith of Our Fathers*, ndinotenda kuti ndiyo, papeji 144, ndinofunga kuti ndiyo, akati—vakati, “Pane maprotestanti achaponeswa here?” Ndokuti, “Zvichida vamwe vavo. Vanoti vanorarama neBhaibheri, asi vachiri kutora dzidziso yeKatorike.” Akati, “Bhaibheri, maKatorike epakutanga, vakabhabhatidza muzita raBaba—muZita raIshe Jesu Kristu, asi isu takabvisa kuyereswa kwazvo ndokuzviisa pana Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, zvino maProtestanti vanozvicherechedza.” Akati, “Zvichida vamwe vavo vachaponeswa.” Kwete naizvozvo havasi kuzoponeswa! Zvakanaka.

82. Kune nyika dzinopfuura imwe chete here?

¹⁶¹ Hongu, kune nyika dzenyika, VaHebheru chitsauko 1 vhesi 2, VaHebheru chitsauko 11 uye vhesi 3. Kune nyika dzenyika. Mwari vakasika nyika, n-y-i-k-a, nyika.

83. Kune denga rinopfuura rimwe chete here?

¹⁶² Hongu. Mune Vekutanga—muna VaKorinde Vechipiri 12:3 Pauro akati aiziva mumwe murume akatakurwa Kudenga rechitatu. Uye umo muna Zvakazarurwa nemamwe akadaro, mune anotopfuura iroro. Ndichatongokurumidza, nekuti ya—

yadarikira zvino nguva yekuti ndivhare. Zvingave zvakanaka here kana ndikangoverenga mimwe yese iyi ndongo (zvakanaka!) ndotaura nezvayo?

84. Ko mucheche ari muna Kristu anoenda here kumusoro mukubvutwa?

¹⁶³ Zvirokwazvo, kana ari mucheche akaberekwa patsva. Hazvina mhosva kuti mudiki zvakadii, anoenda kumusoro zvisinei. Maona?

85. Ko sei Kristu akazviratidza kwandiri pandakanga ndava kuda kutora maSakaramende?

¹⁶⁴ Zvinoka, pasina kupokana moyo wenyu waive muchimiro chakanaka uye maiuya nekuyeresha kuna Mwari kuti muzviite; uye ndosaka Akazviratidza kwamuri. Munoono, ndicho chikonzero chega chandinoziva. Handingakwanisa kutaura zvinodarika—kudarika pane izvozvo... Ngationei.

86. Kana takaponeswa isati yava-... (Oo, oo. Hatidi kumira pano handiti?) Kana takaponeswa nyika isati yavambwa—takadaro here?

¹⁶⁵ Hongu, changamire! Zvakazarurwa 13:8 yakati iyo wakaponeswa uye zita rako rakaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yatombosikwa. Uye VaEfeso 1:4 ne 5... Regai ndingozviverenga; hazvitombotora kunze kwenguva shoma chete uye kungoitira kuti muone kuti handisi kungo—kungozvitaure, ndiri—ndiri... Horaiti, hero tasvika; ngativerengei iri.

Ngaavongwe Mwari naBaba... (VaEfeso chitsauko 1 vhesi 3.)

Ngaavongwe Mwari naBaba vaIshe wedu Jesu Kristu, akatiropafadza nokuropafadza kwose kwomweya munzvimbo dzekudenga muna Kristu Jesu:

Maererano... (Teererai!)... Sezvaakatisanangura maari nyika isati yavambwa, kuti tive vatsvene uye vasina mhosva pamberi paKe... (SaKristu akatifira, hongu.)

Akafanotitemera kuti tigadzwe kuva vana naJesu Kristu kwaAri, maringe nekuda kwaKe iye.

¹⁶⁶ Zvino, muBhuku raZvakazarurwa... Ndinazvo pano; regai ndikurumidze kuzvitora, kuti imi—muone kuti handina kungozvifukidzira, ndinoda kutaura sezvazviri. Zvakazarurwa 13:8, teererai kune izvi nekukurumidza chaiko.

Uye vose vanogara panyika avo mazita—panyika vachachinamata, avo vane mazita avo asina kunyorwa mubhuku rehupenyu reGwayana rakabayiwa nyika isati yavambwa. (Ndipo parakavepo. Zvakanaka.)

87. Taiva—taiva mweya here ipapo?

¹⁶⁷ Kwete, takanga tisiri chinhu panguva iyoyo, asi mupfungwa dzaMwari taivamo. Zvino Vakadzitaura dzikava dzinobatika. Jesu akauraiwa isati...Vangani vanoziva kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti Jesu Kristu aive Gwayana rakabayiwa nyika isati yavambwa. Sei? Mwari vakazvitaura, uye paVakazvitaura, zvakanga zvakatongoita sekuti zvakatopera. Zvino paVakandiona, Vakakuona nyika isati yavambwa, taingova mumufananidzo mupfungwa dzaVo. Zvino patakauya munyika, taiva zvose murume nemudzimai, munhurume nemunhukadzi. Vakapatsanura mweya wechidzimai kubva kumurume ndokugadzira mudzimai kubva pauri ndokusiya mweya wechirume uri mumurume.

¹⁶⁸ Ukaona mukadzi achiita semurume, pane chakakanganisika. Ukaona munhurume achiita zvechikadzi kunge mudzimai, pane chimwe chinhu chakatsveyama.

¹⁶⁹ Uyezve Vakatora mbabvu kubva padivi pemurume ndokugadzira mubatsiri kubva maari, zvino 2 ava vatori mumwe chete.

¹⁷⁰ Asi nyika isati yavambwa mazita edu...Pakauraiwa Gwayana, mazita edu akaiswa muBhuku, apo mupfungwa dzaMwari pachavo Vakafanotiona uye vakafanotitemera kubudikidza nekufanoziva kwaVo nyika isati yavambwa. Oo, hama, kana izvozo zvisingaite kuti chechi isimuke igomhanya nemunzira dzepakati pemacheya? Pafungei ipapo. Imi makazvarwa patsva, nyika isati yavambwa, Mwari vakaisa zita rako muBhuku reHupenyu reGwayana. Kristu akafa ndokutumira Mweya Mutsvene pano kukudana kuHupenyu Husingaperi. WakaUgamuchira; Akakusimbisa. Uripo kusvikira pazuva rerudzikinuro rwako. Hareruya!

¹⁷¹ Taura nezvekubatirira. Hazvisi zvekuti, ndinoramba ndakabaturira here; ndezvekuti, iYe akabaturira here. Hazvisi zvandakaita ini; ndeizvo zvaAkaita. Hazvisi zvekuti, “Ndinosiya kuputa; ndinorega kunyepa; ndinorega kuba;” ndezvekuti Akandifira. Zvino Akatora mweya wangu kubva mandiri ndokundishandura kuva chisikwa chitsva.

Zvino mubvunzo unotevera pazasi apa ndewekuti... Nokukurumidza iko zvino kuti tiutore.

88. Musiyano upi uripo pakati pemutumbi, munhu wemukati, nemweya?

Mutumbi inyama yaunotarisa; inofanira kuora. Yakazvarwa nechishuwo chekusangana pabonde kwababa naamai. Inofanira kuora. Haina kunaka. Naizvozvo, mukuzvarwa patsva, murumuko kana—kana waunzwa zvakare mumutumbi mutsva, rinenge riri simba raMwari rekusika richataura sezvaVakaita kuna Adhamu uye iwe uchavepo.

Jobho akati, “Ndichava nechishuwo. Vachataura uye ndichaVapindura.” Maona? Zvino, mutumbi ndiwo waunotarisa,

mweya ndiwo unokutonga, munhu wako wemukati ndiwo chinangwa chemweya iwoyo, kana kuti hunhu hwemweya iwoyo. “Munhu wemukati anotadza, munhu wemukati iyeye achafa.” Unozvarwa munyika uine munhu wemukati azere nezvivi. Ndiko kuti, hunhu hwemweya wako hune chivi. Unoshuvira zvinhu zvemunyika. Zvino Mweya Mutsvene unoburuka wokubhabhatidza nokushandura hunhu hwemweya iwoyo. Zvino hunhu hwasara pauri ndehweKudenga. Zvino unopupura kuti uri mufambi nemutorwa. Ipapo waberekwa kubva kumusoro. Unobva kumusoro, uri nhengo yeDenga, uri chisikwa chitsva muna Kristu Jesu, nemutumbi mumwe chete, nemweya mumwe chete, wangoshandurwa bedzi.

Uye uri, kana kuti, hunhu hwako hwemweya iwoyo hunoshandurwa kubva mukusarurama kuenda mukururama. Ndiye munhu wemukati, mutumbi, nemweya.

88b. Hama Branham, munhu anogona kuita mabasa aKristu here kunze kwekunge ari Kristu?

Kwete. Zvino, imi, munoreva here, munhu anodikanwa, kuti...? Regai ndizviverenge zvakare.

Munhu anogona kuita mabasa aKristu here kunze kwekunge aiva Kristu?

Ndizvo zvazviri, “Kunze kwekunge aiva Kristu?” Chokwadi. Ngatitorei Mutsvene Johane, kwechinguvana. Mutsvene Johane chi—chitsauko 14 uye ndinoda kuti mutarise pane izvi, zvino, kana mukakwanisa kuzvibata nekukurumidza chaiko, kuitira kuti imi... Mutsvene Johane 14:12, ndinotenda kuti ndiyo.

Tichaiwana nekukurumidza chaiko, uye toona zvakataurwa naJesu pamusoro peizvi. Zvakanaka, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Uyo...” chero waangava, “Uyo anotenda mandiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo.” Chero munhu, kana... Munhu wacho pachake haagoni kuva Kristu, asi mabasa aKristu achatevera mutendi wese. Maona? Achaita mabasa aKristu mumunhu upi zvake. “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita, naiye achaitawo.” Kwete kuti, “Ndichaita,” “achaita, achatodaro,” kwete, “Ini.” “Asi anotenda maNdiri uye akapupura kutenda kwake maNdiri uye akafa kune zvaari uye Mweya waNgu unogara maari uye anova chikamu chaNgu.”

Zvino izvozvo hazvimuite Kristu. Zvinomuita chikamu chaKristu pamwe neChechi yose. Horaiti. Haasi Kristu, nokuti izvozvo zvinozova antiKristu, munooni. Anenge achitobvisa pana Kristu. Asi anogona, kuita mabasa aKristu, chero mutendi. Zvakanaka.

88c. Tinoziva kuti Mweya Mutsvene wakaropafadzwa haungoiti zvekudzokorora kusina maturo mukutaura Magwaro Matsvene, saka ndapota ndiudzeiwo kuti sei izwi rekuti Mweya Mutsvene richishandiswa dzimwe nguva,

uye izwi rekuti *Mudzimu Unoyera* richishandiswa pane dzimwe nguva. Ndinoziva kuti pane chikonzero chakanaka pamusoro pe...chikonzero chazvo uye ndinodawo kuziva kuti sei.

Rinongova shoko rimwe chetero. Kuti mweya nekuti mudzimu chinhu chimwe chetecho. Mudzimu kana kuti mweya, hazvina basa; zvakangofanana, zvimwe chete. Zvakanaka. Zvino tave kudzika zasi chaiko, zvino.

88d. Ko chii Shongwe yeMoto iyo inemi?

Uyu wakanaka uyu! Kristu! Mweya Mutsvene! Haineni bedzi, Inemiwo. Yakangoonekwawo ipapo. Iro Bhaibheri parinodzidzisa kuti vana veIsraeri vakabuditswa muEgipita, chii chakaitika? Paiva neShongwe yeMoto yaivatevera. Vakanga vasiri vana veIsraeri vakaita chishamiso, yakanga iri Shongwe yeMoto yaivatevera. Ndizvo here? Vangani vanoziwa kuti uyo aiva Mutumwa wesungano, Rogosi? Handiti, chokwadi chaicho, tinoziva kuti aive Mutumwa wesungano. Horaiti. Akanga ari Kristu. Mosesi akakoshesa pfuma yaKristu sepfuma huru kudarika iyo...pfuma yeEgipita. Ndizvo here? Zvakanaka.

Zvino aiva Kristu, Rogosi, Nyeredzi yeMangwanani, Arufa, Omega. Akauya panyika. Akaonekwa kakawanda. Uye—uye mune yatingati, ndinofunga, tiyofani. Kwaive karekare mutestamende yepakutanga kwavakaIona iri muchimiro chemunhu. Asi Akaitwa nyama ndokugara pakati pedu, uye huzaro hwaMwari hwakagara maAri. Zvakanaka. Zvino Akati, “Kwechinguvana uye nyika haichazoNdioni zvakare. Asi imi muchaNdiona nokuti Ndichange ndinemi...” Ndizvo here? “kusvika kumagumo enyika. Ndakabva kuna...” Chii? “Mwari; ndinoenda kuna Mwari.” Ndizvo here? Akabva kune (Chii?) Shongwe yeMoto. Ndizvo here? Ndokubva Adzokera kune (Chii?) Shongwe yeMoto.

Pauro paakanga ari munzira yake achidzika kuDhamasiko Shongwe yeMoto iya yakasangana naye ndokumurova nehupofu. Ndizvo here? Zvino Akati “Sauro, Sauro, ko unoNditambudzireiko?”

Akati, “Ishe...” Kana mukacherechedza, vara guru riya I rinoreva “Elohim.” “Ishe, ndiMi Aniko?”

Akati, “Ndini Jesu.” Shongwe yeMoto.

Zvino heunoi uYu mumazuva ekupedzisira nguva pfupi asati Anyatsoonekwa, achitumira Mweya waKe uine simba kwazvo uye uri wemazvirokwazvo chaiwo kusvikira vakatora mufananidzo waYo. Heyoka Ichiuya muchechi, inogona kutozviita iko zvino, nebetsero yeMweya Mutsvene, hapana chakavanzika pamoyo pako chaIsingagoni kuburitsa pachena. Bhaibheri rakati, VaHebheru chitsauko 4, kuti Shoko raMwari; Jesu iShoko. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari uye Shoko rakaitwa nyama rikagara

pakati pedu.” Ndizvo here? “Uye Shoko rinopinza kupfuura munondo unocheka nekumativi maviri. Ku . . . Ibenyu rine simba kupfuura munondo unocheka nekumativi maviri, rinobaya richipatsanura bvupa, mumwongo webvupa, uye Munzveri wemifungo yemoyo.”

Hezvoka izvo. Handisi ini. Hausi iwe. NdiYe. Ndiyo Shongwe yeMoto inotevera. Mweya Mutsvene; Ishe weKudenga; Rogosi; Jesu Kristu; Arufa, Omega; Uyo akanga aripo, aripo, uye achazouya; Mudzi neBukira raDhavhidhi; Nyeredzi yeMangwanani; iye wacho NDIRI; Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; Gurukota; Muchinda weRugare; Mwari Samasimba; Baba Vokusingaperi; Anoshamisa. Ndiye waCho. Hawaikwanisa kuwana madunhurirwa akakwana kuti uMutaure . . . Zita raKe.

Ndichakurumidza pane uyu, uyu ndiwo uya mukuru.

89. Hama Branham: Ndapota mungatsanangurawo here pfungwa yenyu yekuti Evha akabata pamuviri paKaini nadhiyahhore?

¹⁷² Handina kumbobvira ndakataura kudaro; ndakati Evha akabata mimba yaKaini kubva kunyoka.

Muna Genesi 4:1’, vhesi 1, inotaura zvakajeka kuti, “Adhamu akaziva mudzimai wake Evha; ndokubata mimba, akapona Kaini, ndokuti, ‘Ndawana munhu kubva kuna Mwari.’”

Zvirokwazvo! Hupenyu hwese hunofanira kubva kuna Mwari. John Dillinger akabva kuna Mwari. Adolf Hitler akabva kuna Mwari. Wese . . . George—George Whitefield akabva kuna Mwari, uyewo naBob Ingersol. Munhu wese akabva kuna Mwari.

¹⁷³ Asi zvakataura ndeizvi: Uye ndinoda kuti mumwe munhu anozvitsanangura. Maona? Bhaibheri rakataura kuti Vaizoisai (muna Genesi 3:8). Ini . . . Mu . . . Mubvunzo wacho pawakabvunzwa paya Evha paakanga—chimwe chinhu chakanga chaitika kwaari, akasangana nenyoka . . . Zvino nyoka yakanga isiri nyoka inokambaira; yakanga iri mhuka, ine mano kupfuura dzose dzaiva mumunda. Pakanga pasina chinhu . . .

¹⁷⁴ Nhasi sainzi iri kutsvaga bvupa reimwe mhuka inobatanidza munhu netsoko pamwe chete. Chiri pedyosa chavainacho chimupanzi. Havakwanise kuwana bvupa racho. Havambofa vakariwana, nekuti inyoka. Chizaruro chaMwari.

¹⁷⁵ Honai! Nyoka yaive—yakaita semunhu wekumashure kwenhorowondo, chimwe chinhu chiri pedyosa naMwari—kana kuti pedyosa nemunhu. Uye ndicho chinhu choga. Dai paiva neimwe mhuka zvaizoitika kuti—naSatani angadai akapinda madziri, mbeu yacho ingadai isina kusanganana nemunhukadzi. Haugone kusanganisa mbeu yemunhu nechero imwe mhando yembeu yemhuka. Hazvishande. Asi mhuka iyi inosanganisa mbeu yakakwana—yakatsakatika. Mwari vakaishandura kuva nyoka inokambaira. Asi rangarirai apo . . .

Vakati, “Sei wahwanda? Sei wazvifukidza nemashizha emuonde?”

Ipapo vakatanga kunakurirana nyoka mhenyu sezviri mumauto. “Zvino,” Adhamu akati, “mudzimai waMakandipa andinyengera kuti nditore muchero uyu.”

¹⁷⁶ Zvino mudzimai akati, “Nyoka ndiyo yandinyengera.” Zvino, ko *kunyengera* zvinorevei? “Iye mudzimai—yandinyengera.”

¹⁷⁷ Zvino Mwari vakati, “Ndichaisa ruvengo pakati pembeu yako nembeu yenyoka.” Mbeu! Nyoka yaitova nembeu chaiyo, uye yakauya kubudikidza naKaini. Kubudikidza naKaini kwakauya vanhu vose vakachenjera, vakadzidza kusvika zasi kumafashamo emvura zhinji. Uye shure kwaizvozvo kwakauya Abheri akauraiwa, zvino Seti akamutswa panzvimbo yake kuti amiririre kufa, kuvigwa, nekumuka kwaJesu. Zvino kubva kwaari kwakabva kwauya vanhu vakaninipa, vafudzi vemakwai nevamwe vakadaro, asi vanhu vanotywa Mwari. Zvino Jesu akati vana venyika ino vakachenjera, vakangwara kudarika, vana veHumambo. Ndizvozvo chaizvo!

¹⁷⁸ Hatigoni kuenzaniswa navo. Usaedza kuzviita kuti uve wakafanana navo. Zvininipise pamberi paMwari. Usashuvire kuve wakangwara nekuchenjera. Ingoshuva kuziva Jesu uye wozvisiya zvakadaro, nokuti hapoka parere mbeu yenyoka nhasi. Uye vanhu vari kurumbidza nekuti masayendisti, nevarume vakangwara, nevakadzidza, nevakafunda zvikuru ndeve kumachechi avo. Ndingasva hangu ndava nemurume anonyatsoziva Mwari kunyangwe asingazivi maABC ake kuva wechechi yangu (ndizvozvo!) chero bedzi ari mbeu yaKristu.

¹⁷⁹ Mbeu yemudzimai, Mbeu yemudzimai aiva Kristu. Maria akabereka Kristu. Uye mbeu yenyoka yaiva Kaini yakadzika kusvika kuna Judhasi Iskariyoti. Hapoka paiva naJesu naJudhasi vose vari munyama ipapo chaipo, Mwari nadhiyabhore. Pamuchinjikwa weKarivhari pakanga paine vanhu 4 vaifa. Paiva nembavha kudivi rimwe nerimwe raJesu, naJudhasi akazvisungirira pamuti wemuonde, unovawo muchinjikwa: “Akatukwa uyo anoremba pamuti.”

Paiva nembavha imwe chete yakati, “*Kana Uri Mwanakomana waMwari, tiburutse.*”

¹⁸⁰ Mumwe wacho akati, “Ishe, isu zvatiringanira, tiri kurangwa, asi iMi hamuna chamakaita. Ndirangarireiwo paMunouya muHumambo hweNyu.”

Jesu akati, “Nhasi uchange uineNi muparadhiso.”

¹⁸¹ Hoyoka uyo—Jesu, muparidzi weEvhangeri, achiparidza pamuchinjikwa. Hoyu Satani achidzokera kugehena, achitora mbeu yenyoka pamwe naye, asingatendi. Havoka Mwari

vachidzokera Kudenga vaine mutadzi atendeuka pamwe naVo, mbeu yemudzimai. Zvirokwazvo!

¹⁸² Yakanga isiri mbeu yadhiyabhore; yakanga iri mbeu yenyoka. Zvino nyoka yaive nembeu; Bhaibheri rakati yaiva nembeu. Uye ichiripo nhasi, mbeu yenyoka. Zvakanyanya. . .

Zvino, munogona kundibvunza mumwe mubvunzo pane izvozvo. Dai tanga tiine nguva, ndine mashoko ose kuitira imi, uye. . .

90. Mungatsanangurawo here ndapota zvinorehwa nekuti, “Haaiti zvivi” muna Johane Wokutanga 5:18?

Ini zvangu, tiri pariri chaipo, ndinotenda pano. Pamwe ndiwo. . .Ndariwana; ndangovhura pariri chaipo. Pamwe Ishe vanga vachida kuti ndiriverenge. Zvakanaka, Johane Wokutanga,

Tinoziva kuti ani naani akaberekwa naMwari haaiti zvivi; . . .

¹⁸³ Zvirokwazvo kwete! Ndichangobva kupfuura nemazviri. Haagoni kutadza; akaberekwa naMwari. “Haatadzi,” haagoni kutadza, mbeu inogara maari. Rimwe Gwaro raungataura nezvaro pano ndiVaRoma 4:8, 4 ne 5-8 apo Mwari. . . Dhavidhi akataura, waro, makore akapfuura akati, “Akaropafadzwa munhu asingaverengerwe chivi naMwari.” Maona? Uye chokwadi, haatadzi.

Zvino, tine mumwezve zvakare zvino yobva yatopera.

91. Mat-. . . (Ngationei.) Hama Bill, ndeupi mutsauko pakati pehutere nehupombwe, Mateo 19:9?

¹⁸⁴ Jesu akati muna Mateo 19:9, “Ani naani anoramba mudzimai wake oroora mumwe, kunze kwekunge chiri chikonzero chehutere, anoita hupombwe.” Mutsauko pakati pehutere nehupombwe, shoko racho rinogona kushandiswa chero pose zvapo. Asi kuzvijekesa zvaaitaura nezvazvo ipapo, kuti—kuti mudzimai asina kuwanikwa haagoni kuita hupombwe, nokuti haana murume wokuitira upombwe. Kusachena kuti adaro. Anofanira kuzvireurura kumurume wake vasati varoorana kana akazviita. Kana zvisina kudaro uye murume wake akazovibata kumberi, ane kodzero yekumuramba, nekuti akaita mhiko yenhema. Nokuti Bhaibheri rakati, “Zvive zvakanaka. . .” kana kuti tsika dzinodaro. “Ngazvizivikanwe kwamuri (ndinazvo mune rangu) kana paine vakaroorana vakabatanidzwa zvakasiyana nezvinotenderwa neShoko raMwari, muchato wavo hausu pamutemo. Ndichakukumbirai uye ndichakurairai muri vaviri sezvamuchapindurira zvechokwadi pazuva rekutongwa apo zvakavanzika zvemoyo zvese zvicharatidzwa, kana mumwe wenyu achiziva chidziviso chingavei zvacho chekuti sei musingafaniri kubatanidzwa pamwe chete zviri pamutemo, mungazvireurura here zvino.” Hezvoka izvo. Maona?

¹⁸⁵ Saka hutere ndihwo hunoitwa nemusikana, kana achirarama zvisina kuchena, ihwohwo hutere, nekuti haana murume. Asi kana aroorwa, zvino kana akararama saizvozvo, anotadzira murume wake nokuita hupombwe.

¹⁸⁶ Mumwe mudzimai akauya nguva shoma yapfuura, ndokuti, “Oo, ndakazvireurura zvose izvozvo.” Akanga achihuta-huta, uye ndokukanganisika, zvino akati, “Ndakareurura zvose izvozvo kuna Mwari.”

¹⁸⁷ Ndikati, “Unofanira kuzvireurura kumurume wako. Havasi Mwari vawakatadzira nokuita hupombwe; murume wako ndiye wawakatadzira nokuita hupombwe.” Ndizvozvo.

¹⁸⁸ Zvino kana murume akaroorwa mudzimai zvino mudzimai wacho achinge akamborarama zvisina kuchena asati aroorwa naye, zvino ozouya kwaari, kana vanga vakaroorana kwenguva yakareba sei zvayo, uye obva auya kwaari oti, “Mudiwa, ndinoda kukuudza chimwe chinhu. Ndakafambidzana nemumwe murume, handina kumbokuudza,” Jesu akati ane kodzero yekumuramba uye oroora mumwe, nekuti havana kuroorana pakutanga kwacho, nekuti akataura zvenhema—manyepo kwaari.

Zvino, pane chimwe chinhu pano . . . Ndatenda.

92. Ndapota tsananguraiwo Johane weKutanga 5:16.

Johane weKutanga 5, tinayo pano chaipo.

Kana munhu upi achiona hama yake ichiita chivi chisingaunze rufu, achakumbira, uye achamupa upenyu kune avo vasingaiti chivi chinounza kurufu. Chiripo chivi chinounza kurufu: handiti anamate pamusoro pechivi ichocho.

¹⁸⁹ Zvakanaka. Toenda . . . Ngatingorivhurai toriwana nekukurumidza chaiko, uyu ndiwo wekupedzisira. Ngativhurei kuna Marko, uye iri richangozvitsanangura chaizvo zviri chivi ichocho chinounza kurufu. Pane chivi chinounza kurufu, uye hautombonamatiri chivi ichocho. Vangani vanoziva kuti pane chivi chinounza kurufu. Hautombochinamatira. Vhurai Marko, chitsauko 3 chaMarko. Uye mushure mekunge tawana chitsauko 3 chaMarko, zvino nekukurumidza tichava neGwaro rimwe chete iri tisati tavhara. Ngatiendei kuna 3 ne22.

Zvino vanyori vakanga vaburuka vachibva Jerusarema vakati, Ana Bherizebhabhu, . . . (VakaMuona achinzvera pfungwa dzevanhu) . . . zvino vakati, Ana Bherizebhabhu, anobuditsa mweya yakaipa nomuchinda wemweya yakaipa.

Zvino akavadanira kwaari, akati kuna—kwavari nemufananidzo, Satani angabuditsa Satani seiko? . . . (Zvino, kana dhayahore achigona kupodza, ko angazviita sei?) . . . Satani angabuditsa Satani seiko?

...kana ushe huchizvipesanisa, hushe ihwohwo haungagoni kumira.

Uye kana imba ichizvipesanisa, imba iyoyo haingagoni kumira.

Zvino kana ini...Kana Satani achizvimukira, uye akazvipesanisa, haangagoni kumira, asi ane magumo.

Hakuna munhu angapinda mumba memunhu ane simba, akapamba pfuma yake, kunze kwekunge atanga amusunga—murume ane simba; ipapo achapamba pfuma yake.

Angabuda kunopinda sei imomo, mumoyo iyoyo oona kuti... (Maona?) kusara kwekunge zwichibva kuna Mwari?

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Chivi chose chicharegererwa kune...vanakomana vevanhu, nekumhura kwese kwekuti...ivo—chero chipi—chipi chavachamhura:

Asi ani naani anomhura Mweya Mutsvene haangaregererwi, asi ari munjodzi yekutongwa nekusingaperi: (Ndiko kupatsanurwa!)

Nokuti... (Sei Akazvitaure?)...Nokuti vakati, Ane mweya wakaipa.

¹⁹⁰ Vachidana Mweya waMwari waiita zvishamiso izvi muna Kristu, vakati waive mweya wadhiyabhore uri kuzviita; Jesu akati ndicho chivi chisingaregererwe. Uye kana ukaona munhu...Namata—usamunamatire kana ari kuita dambe neMweya Mutsvene uye achitaura zvinopesana neMweya Mutsvene, unorambidzwa kutombonamatira munhu akadaro. Muri kuzvinzwisisa here? Nekuti pane chivi chinounza kurufu. Pane chivi chimwe chete. Jesu akati mhando yose yechivi icharegererwa kuvanakomana vevanhu, asi kumhura Mweya Mutsvene hakutomboregererwi.

¹⁹¹ Zvino vanhu vanoti, “Zvino, kumhura Mweya Mutsvene...” *Kumhura* chii? Zvinoreva “kutura nezve, kunyomba, kuseka, kumhura.” Zvakanaka!

¹⁹² Chii chavakamhura paAri? Kutura kuti Mweya Mutsvene iwoyo waiva maAri, uchiMuita kuti aite zvinhu zvaAiita, vakati, “Akagarwa naBherizebhabhu, dhiyabhore. Uye ndidhiyabhore, muuki ari maAri achiMuita kuti aite zvinhu izvozvo. Achiona zvakananzika zvaive mumoyo yevanhu, uye achiudza Firipi kuti Aiziva paaive ari asati auya kumusangano, nekudzinga madhimoni, nekuita zvinhu izvozvo ipapo, Anozviita naBherizebhabhu, uye iYe idhimoni.” Zvino Jesu akati chivi ichocho hachizombokanganwirwi, saka ndicho chivi chisingaregererwe chisingafaniri kutombonamatirwa. Hachigone kuregererwa. Murume nemudzimai vanoita izvozvo

vakazvivharira nekusingaperi kubva muHupo hwaMwari nekusingaperi-peri, hapana kuregererwa.

MunoMuda here?

NdinoMuda, ndinoMuda,
Nokuti ndiYe akatanga kundida,
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁹³ Teererai, manga makanaka kwazvo, uye iyi yanga yakaomarara, uye yatora nguva yakareba. Zvino manga mugere muchechi ino kubva 7:30, 8:30, 9:30, maawa 2 nehafu, makagara muchechi ino inopisa. Hamuna kungozviita kuti mungogarapo. Uye ndinofunga kuti zvikamu 98 kana 99 kubva muzana zveungano varamba vari pazvigaro zvavo kubva panguva iyoyo. Ndinoda kutaura izvi: Jeffersonville, ndinonzwa izvi; kuti yakatadza zvokusazosvika pazuva rayo renyasha. Ndinonzwa, kudaro. Ndinotenda kuti United States yose yakadaro, asi ndine dzimwe shamwari dzakanyanyisa kuvimbika kupfuura dzose dziripo pasi rose imo muno muJeffersonville. Ndine vanhu pano vangatondifira.

¹⁹⁴ Zvino, husiku hunopisa seuno, vaenzi vari mumasuwo edu, ndiudzei kungagarwa nemunhu kuti angogara achinzwa mumwe munhu, zvichida, achitaura nezveMagwaro avasingatombotendi nenzira yandaatsanangura nayo, asi vanoremekedza uye vane humwari hwakakwana kuti vagare vachizviteerera. Dai mukararama kwenguva refu; nyeredzi dzichinge dzava guruva, dai mukararama muna Kristu Jesu. Dai Mwari vakupai zvose zvamunoda. Dai Vakupai chishuwo chemoyo wenyu. Kana muchinditenda kuva muranda waVo uye muchitenda kuti minamoto yangu inokubatsirai, regai Mwari veKudenga, Vakamutsa Mwanakomana waVo, Jesu Kristu, kuti ave Murevereri wezvivi zvedu, kuti afe panzvimbo yedu, dai iVo Samasimba, iVo Vari kwese-kwese, pano muchivakwa chino zvino, dai Vakakupai chishuwo chemoyo wenyu, ndiwo munamoto wangu wakaperera kune mumwe nemumwe wenyu. Uye muNyika yamusiri kuzovhenekerwa nezuva richikupisai zvakare, kusiri kuzombovhuvhuta mhengo dzinopisa, ndinotarisisira kuva nemakore akapetwa emamiriyoni emakore ekugara nemumwe wenyu muHumambo hwaMwari, nekutaura pamusoro pezvinhu zvaZiyendanakuenda zvehusiku huno, nezvinhu, namagariro ataita pamwe chete. Ndinorevesa izvozvo nezvose zviru mandiri, nemoyo wangu wese. Ndinonamata kuti Mwari vazvipe kwamuri, mumwe nemumwe.

¹⁹⁵ Nyasha dzaVo ngadzive nemi. Dai Vakupodzai hurwere hwenyu. Dai Vakupai rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Uye ndinotaura izvi zvino pasina kana padiki, pasina. . . Kana ndaisa chigumbuso nechinhu chipi zvacho chandataura pamusoro

pembeu yenyoka, rubhabhatidzo muZita raJesu, izvo zvinhu izvozvo . . .

¹⁹⁶ Zvino mumwe munhu anoti, “Hama Branham muoneness.” Kwete, changamire, handisi muoneness. Handitendi kuti Jesu anokwanisa kuva baba vaKe pachake. Ndinotenda kuti Jesu aiva naBaba, uye vakanga vari Mwari. Asi Mwari vakagara uye vakatora hugaro mumutumbi uyu unonzi Jesu, zvino Aiva Imanueri, Mwari vanesu. Uye hakuna mumwe Mwari kunze kwaMwari uyu. Ndiye Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Uye Zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene: *Baba*, *Ishe*; *Mwanakomana*, *Jesu*; *Mweya Mutsvene*, *Rogosi*, *Mweya waMwari*. Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene: *Ishe Jesu Kristu*; ndiYe wacho. Uye maAri maigara huzaro weHumwari mumutumbi.

¹⁹⁷ Uye ndinotenda pasina kana mumvuri mumwe wekupokana, ndichikudai, uye zvisinei kuti unoramba uri wakabhbatidzwa muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, wakasaswa, kudirwa, chero chaunoda, ndinonamata kuna Mwari nemweya wangu wose nemutumbi kuti iwe neni tichazosangana muHumambo hwaMwari, uye Mwari, kana ndichikanganisa, vagondikanganwira zvangu, kana iwe uchikanganisa vagokukanganwira zvako. Asi mu—nemaonero angu eMagwaro kuedza kunanga chipfuro kuti zvibve muna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, ndinokuraira kuti ubhabhatidzwe vakare muZita raJesu Kristu kana usati wadaro.

¹⁹⁸ Uye kana usati wagamuchira Mweya Mutsvene, uye hupenyu hwako husinganzwiki kutapira, zvisinei kuti wakataura nendimi, kana wakadanidzira, kana wakasvetuka-svetuka, kana wakaisa maoko pane vanorwara uye vakapora, kana wakaita mhando dzose dzezvishamiso nezviratidzo, kana usina zvibereko zveMweya zverudo, mufaro, rugare, moyo murefu, hunaku, hunyoro, kupfava, kutsungirira, kutenda nezvinhu zvose izvi zviri mauri, zvino ndinokuraira nokukugombedzera muZita raJesu Kristu kuti usamire kunamata kusvikira Mweya Mutsvene wauya pauri! Zvisinei kuti wakataura nendimi zvakadini, kuti wakadanidzira zvakadini, kuti wakava nhengo yechechi kwenguva yakareba zvakadini, kana wanga umbori pano, zvese zvawakaita hazvina chekuita nazvo kusvika Kristu auya, Mweya Mutsvene, watora nzvimbo yaWo mumoyo mako uye wakafa kuzvinhu zvemunyika uye worarama patsva kuna Kristu.

¹⁹⁹ Mwari vakuropafadzei ndiwo munamato wangu. Ngatisimukei zvino netsoka dzedu. Oo, ino iungano yakanaka. Manga makanaka kwazvo; ndinongovenga kukusiyai makamira sezvizvi.

[Imwe hama inotaura naHama Branham—Mupepeti] Edith mudiki kumashure uko ane bhavhadhe. Edith, ndinogona

kuverenga ako...Regai nditi Hama Neville vakuisire aya. (Chingouyai pano.) Tichaona kuti mudzimai wechidiki uyu akura zvakadii. [Hama Neville vanoti, "38."] Makore 38 ekuberekwa. Mwari vakuropafadze. David, tipe...Ndinoreva, Teddy, tipe kodhi diki, *Iva NeBhavhadhe Rine Mufaro*, zvakanaka, kana mungadaro.


Ivai nebhavhadhe rine mufaro;
Ivai nebhavhadhe rine mufaro;
Ivai nebhavhadhe rine mufaro, Sista Edith;
Ivai nebhavhadhe rine mufaro.

Zvino, ungoro yose iyi joinhai pamwe chete, *Kwatingambochembera Zvachose*. Huyai, tose pamwe chete zvino.

Kwatingambochembera zvachose,
 kwatingambochembera zvachose,
Munyika iyo yatingazombochembera
 zvachose;
Kwatingambochembera zvachose, uko
 kwatingazombochembera,
Munyika iyo yatingazombochembera
 zvachose.

Mune rinotapira . . .
Tichasangana pamahombekombe iwayo
 akaisvonaka;
Mune gare-gare rinotapira,
Tichasangana pamahombekombe iwayo
 akaisvonaka.

MunoMuda here? Oo, Anoshamisa. Akangonyatsonaka, ane mutsa kwazvo.

Mune mwana anoda kukumikidzwa here? 

59-0628E Mibvunzo NeMhinduro
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org